ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№93 (24.063) ● 2020 гъэм шыщхьэІум (августым) и 6, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм иригъэкІуэкІащ щІыналъэм коронавирусым зэрызыщиубгъум пэщІэтынымкІэ Оперативнэ штабым и зэІущІэ

Коронавирусым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыщыщыхъумэнымрэ а уз зэрыщІалэм зэрызыщиубгъум пэщІэтынымкІэ Оперативнэ штабым и зэІущІэ видеоконференц мардэм тету КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ.

ЩІЫНАЛЪЭМ и санитар-эпидемиологие щытыкІэм, COVID-19-м зыщиубгъу лъэхъэнэм медицинэ Іэхъущ Іапі Іэхэм я лэжьыгъэр зэрызэтеублам, КЪБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэхэр бжьыхьэщІымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырым хэпІащ.

Кьыхагъэщащ, бадзэуэгъуэм и 23-м щыщІэдзауэ республикэр хьакъащ ягъэвауэ щыта мардэхэм я ещанэ Іыхьэр щыІуахьыж лъэхъэнэм. Коронавирусым ехьэлІа щытыкІэр зэпІэзэрыгъ кІонэж, сымаджэ хьуэхм я бжьгъэм хэщІ зэпытУ. Ику иту махуэ къэс кьахутэ зэшм къицІэлъауэ щІыхь 15 - 16. Сымаджэщхэм щІэпхъэм я бжьгъэмэ хощІ - иджьипсту ахэр щІыхь 300-м нэсыркъым, реанимацхэм щаІыгъщ пациент 23-рэ.

ЗэрыщІыту кьызІуахьжауэ жьыпІэ хъунщ экономикэм и Іэнатіэ псори. Мардэ щхьэхуэхэр зыхуагъэувауэ къэнжьыр щІыху куэд щызэхуэс Іужьгъуэхэм къихьэлІэ бжьгъэмрэ зи ныбжьыр илъэс 65-м щІигъуаехэмрэщ. Социальнэ зэпэщІэхыныгъэмрэ зыхъумжьныгъэмкІэ щхьэзакъуэ Іэмалхэмрэ иджыри къагъэсэбэп.

Абы щыгъуэми, жиІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм, пыхусхьумрэ ОРВИ-мрэ щыятэ хабзэ бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэр къоблагъэ. Коронавирусым ехьэлІа щытыкІэр дуней псом щІыхьлъэщ, яныныкъуэ къэралхэмрэ Урысейм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ щІэрыщІэу узым къыщыхтригъэззэж щыІэщ. КьищынэмыщІауэ, фокІадэм и 1-м гъэ еджэгъуэщІэм щІедзэ. Эпидемиологие щытыкІэр зэІаГъэхьэныкьмкІэ а псомиз щынагъуэ пылъщ икІи кьагъэуэ ахэр къэмыгъэхъунымрэ щІэуэ кьыхтригъэззэжмэ пэщІэтыфыну узынщагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэхэр хуэдгъэхьэзырыну. А Іуэхугъуэм щхьэхуэу теухуауэ щытащ Урысей Федерацэм и Президентым иригъэкІуэкІа зэІущІэр.

Кьалэн нэхъыщхьэхэр згъэбелджылащ. Ахэр узыр хэмыгъэхъунырщ, мастэ яхэлъхьэным ехьэлІауэ гурызыгъаІуэ лэжьыгъэ щІыхуэхэм ядегъэкІуэкІынырщ, зыхуеину (ямыгъэмащІэу) зыхъумэжьныгъэмкІэ щхьэзакъуэ ІэмэпсымэхэмкІэ, хущъхуэхэмкІэ, къызэгъэпэщыныр щ, коронавирус узыр кьызэуэлІэжьм папщІэ гъэузлъпІэ щхьэхуэхэр хь3зыру щыгъэІэнырщ, хуей хьумэ псынщІэу кьызэІуэхыну, медицинэ ІэмэпсымэхэмкІэ зызэщІэуэздэнырщ, узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэхэм щримыкъу лэжьакІуэхэр кьеушэлІэныщ, лабораторэ кьэпщІэтэныгъэхэр ирикъуу егъэкІуэкІынырщ, бжьыгъэр зи лъабжьэ Іэхутхьэбзэхэм зегъэубгъуныщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и санитар дохутыр нэхъыщхьэ Пагуэ Жыраслъэнрэ КЪБР-м узыншагъэр хумэнымкІэ и министр Къалэбатэ Рустамрэ тепсэлъыхьащ COVID-19-м ебэныным ехьэлІауэ иджыпсту щыІэ щытыкІэм.

ЩыщхьэуІум и 4-м ирихьэлІэу COVID-19-р кьеуэлІауэ щыху 6039-рэ ятхащ, абыхэм ящыщу 5597-р хьужащ, 71-р лІащ. Сымаджэщхэм щаІыгъщ пациент 285-рэ, реанимацэхэм щІыху 23-рэ щІэлъщ. Уз зэрыщІалэр кьызэрежьэрэ тест мини 125-м щІигъу ирагъэкІуэкІащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым лІэхэм я бжьгъэр процент 1,2-рэ (кьэралым зэрыщыту - процент 1,6-рэ) щохъу, хьужакэр процент 93-м щІегъу. Коронавирус уз зэрыщІалэм иубыдахэр щагъэхъуж узыншагъэр щахъуэм Іужьгъуэпіищым, гъуэльпІэ 666-рэ щыгъэзуваУэ, абыхэм ящыщу 392-р - кислородым, 152-р ИВЛ-м пыщІауэ.

Медико-санитар дэІэпыкъуныгъэ щрат КЪБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и пэщІэдзэ Іужьгъуэпіэхэм кьыщыхьэзырэ пэщІыжу хуеужащ профилактикэ кІэльыпІэныныгъэхэр щрагъэкІуэкІыну Іэхэмрэ сымаджэхэм щеІэзэхэмрэ.

Пыхусхьумрэ ОРВИ-мрэ ядэщІыгъуэ коронавирус уз зэрыщІалэм 2020 - 2021 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зиубгъункІэ зэрыхъунум кьегъуэ узыр кьэмыгъэхъунымрэ щытыкІэщІэм ипкъ иткІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ етыныр тэкІэму кьызэрыгъэзэщынымрэ гулыІэтэ щхьэхуэ хуащІыну. КьащІтэмэ, 2020 гъэм щІыху 417.900-м (абыхэм ящыщу самый 136.300-м) узым пэщІэзыгъэтыфыну мастэхэр хаІуну я мурадщ. Абы кьызэщІеубыдэ республикэм щыпсэуи и процент 48-р. 2019 гъэм елъытауэ мастэ хаІуныхэм я бжьгъэм 79.900-кІэ хэхъащ. Коронавирусым иці1лахэм а бжьгъэм хэхъуэмэ, мастэ зыхаІунухэр республикэм щыпсэуи и процент 60-м нагъэсынущ.

КьищынэмыщІауэ, пасэу зэрауэбыхуам тету, пневмококк уз зэрыщІалэм щахьуэмэн папщІэ мастэ хаІунущ илъэситІым щыщІэдзауэ ирилъэситху зи ныбжь сабийхэмрэ шынагъуэ кьызыпэщылъу кьалъытэ балигъэхэмрэ.

Пыхусхьумрэ ОРВИ-мрэ, COVID-19-ри яхэту, медицинэ Іэнатіэхэр япэщІэтыфын папщІэ кьабжащ методикэ чэнджащхэм япкъ иткІэ зыхуеину уз зэрыщІалэхэм зэрелъэзэ хущъхьуэхэм, дезинфекцэ зэращІэмалхэм, зыхъумэжьныгъэмкІэ щхьэзакъуэ Іэмэпсымэхэм, медицинэ оборудованэ хэхахэм я бжьгъэр икІи хуэфащэ пщылъхъэр медицинэ Іужьгъуэпіэхэм я унафэщІхэм хуащІащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іужьгъуэпіэ.

Республикэм и щІыналъэхэмрэ кьалэ округхэмрэ я Іэтащхьэхэр зыхэта «муниципальнэ сыхьэтыр» иригъэкІуэкІащ КІуэкІуэ Казбек

Видеоконференц мардэм тету КІуэкІуэ Казбек дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ тхьэмахуэ кьэс зэхуашэс Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэхэмрэ кьалэ округхэмрэ я Іэтащхьэхэр зыхэта «муниципальнэ сыхьэтыр». Абы и лэжьыгъэм хэтащ республикэм и премьер-министр Мусуков Алийрэ КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Къуныжь МуІэедрэ.

ЗЫХЭПЛЪАХЭМ ящыщщ лъэпкъ проектхэм кьыщыгъэзэгъуауэ щІыналъэхэм ехьэлІа Іужьгъуэхэр гъэзэщІа зэрыгъэхэр ирикъуу егъэкІуэкІынырщ, бжьыгъэр зи лъабжьэ Іужьгъухьэбзэхэм зегъэубгъуныщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и санитар дохутыр нэхъыщхьэ Пагуэ Жыраслъэнрэ КЪБР-м узыншагъэр хумэнымкІэ и министр Къалэбатэ Рустамрэ тепсэлъыхьащ COVID-19-м ебэныным ехьэлІауэ иджыпсту щыІэ щытыкІэм.

ЩыщхьэуІум и 4-м ирихьэлІэу COVID-19-р кьеуэлІауэ щыху 6039-рэ ятхащ, абыхэм ящыщу 5597-р хьужащ, 71-р лІащ. Сымаджэщхэм щаІыгъщ пациент 285-рэ, реанимацэхэм щІыху 23-рэ щІэлъщ. Уз зэрыщІалэр кьызэрежьэрэ тест мини 125-м щІигъу ирагъэкІуэкІащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым лІэхэм я бжьгъэр процент 1,2-рэ (кьэралым зэрыщыту - процент 1,6-рэ) щохъу, хьужакэр процент 93-м щІегъу. Коронавирус уз зэрыщІалэм иубыдахэр щагъэхъуж узыншагъэр щахъуэм Іужьгъуэпіищым, гъуэльпІэ 666-рэ щыгъэзуваУэ, абыхэм ящыщу 392-р - кислородым, 152-р ИВЛ-м пыщІауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек щыщхьэуІум и 4-м иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр кьызэгъэпэщащ рэ илъэси 100 зэрырикъур гъэлъэпІэным зыхуэгъэхьэзырынымрэ абы пыщІа гуфІэгъуэхэр егъэкІуэкІынымрэ зи нэІэ щІэтыну республикэ кьызэгъэпэщащ комитетым и зэІущІэр.

ЗЭХУЭСЫМ щытепсэлъыхьащ социальнэ, экономикэ, политикэ и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іужьгъуэ ухуэныгъэ Іэнатіэм, объектхэр сыткІи зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжыным, инвестицэ, нэгъуэщІ проекхэр пхыгъэкІыным ехьэлІахэм. Ахэр КЪБР-р кьызэрэзагъэпэщІрэ илъэси 100 зэрырикъур гъэлъэпІэным зыщыхуагъэхьэзырКІэ, 2020 - 2022 гъэхэм кьриубыдэу, гъэзэщІа хъун хуейщ.

ЗэІущІэм хэтхэм защыхуигъаззм КІуэкІуэ Казбек ягу кьигъэкІыжащ щІыналъэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ махуэшхуэр гъэлъэпІэным теухуа Указым Урысейм и Президент Путин Владимир нэхъ пасэу Іэ щІидзауэ зэрыщытар: «Ар дэ тщыщ дэтхэнэ зым и дежкІэ пщІэшхуэщ икІи абыкІэ кьэрал унафэщІхэм я пащхьэ, псом япэраи, ди щІыхьэм я пащхьэ жэуапІныгъэ лъагэ ди пщэ кьыщыдохуэ. Ар, псом япэраиУ, Іэмалыфіщ республикэм мыпЪку щхьэхуэ хужьгъэхьымкІи, ди щІыналъэм и пщІэр кьэІэтыныжьмкІи, абы зегъэужьныж хуэунэтІа лъэбакъуэщІэхэр тчныжьмкІи, социальнэ, экономикэ Іэнатіэхэм кьыщыптпэщыт кьалэн куэд дзгъэкІыныжьмкІи».

КЪБР-м и Іэтащхьэм кьыхигъэщащ щІыналъэр илъэси 100 щыхъу махуэшхуэм зыщыхуагъэхьэзыркІэ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм Іужьгъуэ куэд щызэфІэхын зэрыхуейр, социальнэ и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэ хэха зиІэ ухуэныгъэхэр зэрегъэкІуэкІыпхъэр, щІыпІэхэр зэІузэпэщ ящыну кьаззрыпэщытыр: «Щэнхабзэ» махуэшхуэ къыдейм и мызакъуэу, ар уфын хуейщ зэхъуэкІыныгъэфІэхэр кьызыдэкІуэну Іужьгъуэ, ахэр республикэм щыпсэу дэтхэнэми ягъэгъуу, зыхащІэу щытын хуэдэу. А Іужьгъуэ мыхьэнэшхуэ иІэщ щІыналъэкІуэцІ, щІыб политикэм дежкІи, зэрыщІэныгъэхэр гъэбыдэныжькІи, лъэпкъ зэхъуэтыныгъэмкІи, зэгурыІуэныгъэрэ зэкъуэтыныгъэрэ хэкум илъныжьмкІи. А Іэмалыфіхэр дэ нэсу къэдгъэсэбэпын хуейщ».

«Езы дауэдапщэхэр кьыдэтхъыным иджыри илъэситІ иІэми, абы и мыхьэнэмрэ лэжьыгъэ кьыптпэщытхэм я инагъымрэ апхуэдизкІэ инщи, а лэжьыгъэхэм нобэ щІэздзэн хуейуэ къоув», - жиІащ КІуэкІуэ К. В.

КьызэрыхагъэщамкІэ, гуфІэгъуэм зыхуэгъэхьэзырыныжьмрэ ар егъэкІуэкІыныжьмрэ хеубыдэ дунейпсо, къэрал, республикэ социальнэ-щэнхабзэ, щІэныгъэ проектхэр, зэхуэсхэр, тхыдэ, щэнхабзэ щІэинхэр хъумэным хуэгъэІэн Іужьгъуэхэр зэрІэгъэкІынырщ. А лэжьыгъэм кьыхаІэшэнущ КЪБР-м и муниципальнэ зэгучьэныгъэхэр, Іужьгъущ Іапі Іэ щхьэхуэхэр, жьлагъуэ объединенэхэр, цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іужьгъущ Іапі Іэхэр, апхуэдэуи творческэ лэжьакІуэхэр. Дауэдапщэ нэхъыщхьэхэр республикэм и мызакъуэу, Москва кьалэмэ щекІуэкІынущ. А Іужьгъуэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ дагъэкІынымрэ кьэрал бюджетым щыщу сом мелуан 241,6-рэ кьыхуаутІыпщынущ.

КьимыдэкІэ, лажьэ программэхэм зэрыщыубзыхуам ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэфІакъэкІынущ инвестицэ проектышхуэ 17, лэжьапІэ Іэнатіэ 800 зиІэну Іужьгъущ Іапі Іэхэр кьызэІуахынущ, социальнэ объектэ 117-рэ ящІынущ, ухуэныгъи 172-м кІэльыпІэбэнущ е сытКІи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжынущ, жьы дыдэ хуэ унэ 62-м щІэс цІыху миныш щІигъу кьыщІагъэІэпхъуэкІынущ, цІыху зэхуэсыпІэрэ кьалэ пщІантІэу 475-рэ зэІузэпэщ ящІынущ, щІыналъэм хиубыдэ гъэзэгуу километр 300-м щІигъу зэрагъэпэщыжынущ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр зэкъуэтым иджыпсту щопсэу ди лъэпкъэм я етхуанэ щІэблэр. МазэшхуэгъэгъалъэпІэным зыщыкъэзгъэжьхэзырКІэ ди цІыхубэм, а псом япэрауэ щІалэгъуалэм, зыхедгъэщІэн, кьагурыдгъэІуэн хуейщ ди зэкъуэтыныгъэм ди гъащІэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр, ди тхьдэм щыщ дэтхэнэ Іужьгъуэмэ, абы гуфІэгъуэкІи нэщхъеягъуэкІи гъэнщІа и напэкІуэцІхэм, я пэжьипІэм ахэр щыдгъэгъуэзапхъэщ, республикэм и зыужьныгъэм, абы лъэхъэнэ зэхуэмыддэхэм зыІэригъэхъа ехьэлІэныгъэхэм хуэзэфІэкІ хэлъхьэныгъэ хуэзыщІа дэтхэнэми и фІыщІэр зэрымыкІуэдар кьыхэгъащІыпхъэщ», - жиІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм. Мыбдежьым Іужьгъ зытещІыхьыпхъэри тхьдэм, блэкІам гудзакъэ пхэлъу, пщІэ хуэпщІу ухущытыныр зы акцэкІэ е программэ гуэрым щыубзыхуар зэбгъэхъулІэкІэ Іуэхур зэрызэфІэмыкІырщ. А кьалэным ух иІэкьым.

Зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым Къэбэрдей-Балъкъэрыр кьыщынэхункІэ хъунур Урысей къэралгъуэуэ зэрыщытари икІи щІыналъэм зиужьын, абы щыпсэуэхэм я лъэпкъ щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр хъума хъун папщІэ урысей къэралым зэфІиигъэкІамрэ нобэ ищІэмри.

«КЪБР-р кьызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъум зыхуэгъэхьэзырынымрэ а гуфІэгъуэр Іэтынымрэ ди цІыхубэм я узэщІакІуэ, псэкупсэ гъащІэм кьулейр нэсу кьызыкъуахьынымкІэ, ахэр нэхъри бдэу зэкъуэувэнымкІэ сэбэп зэрохъуэрэ щІэч къытехьэркъым», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

Зэ1ущІэм унафэ кьыщащтащ республикэ кьызэгъэпэщащІуэ комитетым кьепхауэ лэжьэну гупхэр яубзыхуну. Ахэр кІэлъыплъынущ КЪБР-р кьызэрыуэкъурэ илъэси 100 зэрырикъур кьэралым щыгъэпэщІыпІэным епха объектхэр а Іужьгъуэ хуэгъэхьэзыра зэрыхъум, юбилейм ирихьэлІэу зэфІэкІын хуей зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэр, кьызэгъэпэщыныгъэ, щэнхабзэ, спорт, хьибарегъащІэ Іужьгъуэхэр зэрекІуэкІым.

Зи гугъу ящІ Іужьгъм теухуауэ зэхуэсым кьыщыпсэлъащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков А. Т., КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ М. Л., КЪБР-м граждан жьлагъуэ Іужьгъущ Іапі Іэхэм ядэлэжьэныкъэ лъэпкъ ІужьгъэкмкІэ и министрым и къалэнхэр зэгъэпэщащ КІуэрашын А. В., КЪБР-м и Архив кьулыкъущІапІэм и унафэщІ Щоджэн Щ. Хь.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іужьгъущ Іапі Іэ.

● Абы дегъэпІейтей

Бейрут къыщыхъуа гуэвэгъуэр

Ливаным и щыхьэр Бейрут щыщхьэуІум и 4-м и пщыхьэщхьэм насыпынщагъэщхуэ къыщыхъуащ. Къэрал унафэщІхэм зэрыжаІэмкІэ, кьалэм и кхъухьтедзапІэм къыщыуащ аммиак зыхэлъ селитрэ (нитрат аммония) бжьгъэшхуэ. Шынагъуэншагъэм кьигъуэв хабзэхэр къэмыльытауэ абдежьым илъэсих хуэдиз щахъумэу къыщІэкІащ апхуэдэ пкъыгъуэ тон мини 2-м щІигъу.

КЪАЛЭ псор зыгъэзджыджа кьэхъуакъащІэм унэ щхьэгъубжэхэр хикъутыкІащ, кьэхъуытедзапІэм и гъунэгъуу щыта ухуэныгъэхэр псори зэхигъэщащащ. Ар лъэІэсащ Ливаным и президентымрэ премьерымрэ я хэщІапІэхэм, апхуэдэуи Германием и консульствэу Ливаным щыІэм.

Иужьрейуэ кьахьа бжьгъэхэм ятепщІыхьмэ, абы хэкІуэдащ щІыхуи 100 мынэхъ мащІэ (кхъуэ зэпытщ). Щыналъэм и хъыбарегъащІэ Іужьгъущ Іапі Іэхэм кьызэрагъэпэлъагъуэмкІэ, кьэхъуакъащІэм фэбжь хахащ щІыху мини 4-м.

Ливаным и Министрхэм я советым и унафэщІ Диааб Хьэсэн щыщхьэуІум и 5-р гуэвэгъуэм хэкІуэдахэм щахуэщІыгъуэ махуэу игъуэващ икІи кьэхъуакъащІэм и лъэужьхэр гъэкІуэдыжьным кьаруущхуэ зэрытекІуэдзнэр кьэлъытауэ, зыкъыщІагъэкъуэну нэгъуэщІ кьэралхэм захуигъэзащ.

Урысейм и Президент Путин Владимир унафэ ищІащ зэман гъунэгъум Бейрут гуманитар дэІэпыкъуныгъэ зэрыгъагъэшэнум ехьэлІауэ. Апхуэдэуи, УФ-м Нэгъуэщ1 кьэрал ІужьгъэмкІэ и министерствэм кьызэритамкІэ, Ливаным и щыхьэрым ягъэкІуэну я мурадщ Урысейм и кьеГъэлакІуэ гуп, зэхэкъута ухуэныгъэхэм, сымаджэщхэм щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм щІэгъэкъуэн щахуэхьун хуэдэу.

Ливаным щыІэ Адыгэ Хасэм и унафэщІ Шорэ Хъусам Хьэбрэдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфІыщІ Мухьэмэд, кьызэрыжриІамкІэ, мы зэманым а къэралыгъуэм адыгэу мин 80-м къыщыщІэдзауэ мини 100-м нэс щыпсэууэ хуагъэфащэ икІи кьэхъуа гуэвэгъуэм дыгъуасэ сихьэт 15-м ирихьэлІэу ди лъэпкъгъуэм ящыщ гуэр хэкІуэдауэ кьахутатэкъым.

Адыгэхэм я нэхъыбэр щыпсэу щыпІэхэм ящыщщ Быркъай кьалэр (мини 8 дэсщ), Бекаа хуейр (мини 3), Триполи кьалэр (мин 1,5-рэ), Ливаным и Ищхьэрэ лъэныкъуэр (мин 11), Бейрут кьалэр (мин щІигъу), Джебель Пайнам щыпІэм (мини 5 - 6).

ДАХ-р, КъАХ-р, Адыгейм, Шэрджэсым, Шапсыгъэм щыІэ хасэхэр яхуогузавэ Ливаным къыщыхъуа гуэвэгъуэм зи благъэ-Іыхьлы хэкІуэдахэм.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Щэнхабзэмкіэ унэхэр зэрызэрагъэпэщыжыр къапщытэ

Лэскэн, Тэрч, Бахьсэн щІыналъэхэм я жьлэхэм дэт щэнхабзэ Іужьгъущ Іапі Іэхэр иджыблагъэ кьапщытащ Къарал Думэм и депутат Геккиев Зауррэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдинрэ.

«ЩЭНХАБЗЭ» лъэпкъ проектымрэ «Урысей зэкъуэтым» и «Дыщалъхуа щІыналъэм и щэнхабзэр» программэмрэ кьыщыгъэзэгъуахэр гъэззщІэным хьихьэу кьуажэхэм щокІуэкІ Щэнхабзэм и унэхэр щыхуэзыным, жьы хъуахэр зэгъэпэщыжыным кьуэнэтІа лэжьыгъэшхэр.

Урыхъ кьуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэр сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыж - абы и унащхьэр, инженер коммуникацэхэр зэрахъуэкІ, псы кІэцІкІэр щІэрыщІ. КьращІыкІыж, абыхэм яужькІэ Іужьгъущ Іапі Іэм кьедза щІыналъэри зэІузэпэщ ящІынущ. КъэпщытакІуэхэм кьыхагъэщащ а лэжьыгъэхэр яГъэува пІалъэхэм зэкІэ кьыхъэрыкІрыхур. Кьыщпэк, Акъбащ Ипщ, Зэрэрэдж кьуажжэхэм Щэнхабзэмкіэ я унэхэм я Іужьу зытетми зыщагъэгъэзащ икІи абыхэм щекІуэкІ лэжьыгъэхэми ныкъуэсаныгъэхэр зэрыхэлъыр кьагъэльэгъуащ. Ухуэныгъэхэр езыгъэкІуэкІ Іужьгъущ Іапі Іэхэм я лЫкІуэхэм зэфІагъэкІахэм я гугъу ящІащ икІи, Іужьум еужьэрэкІыжу, унэхэр зэгъэпэщыжыныр яГъэува пІалъэм кьитІаесу зэфІагъэкІыныр кьагъэгъащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек пщэрылъ кьаззрыщищам ипкъ иткІэ, зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІыр мазэ кьэс кьапщытэ. Властым и органхэмрэ ухуакІуэхэмрэ зэпыщІауэ зэдолажьэ, зыІууэ лъэпощхьэпохэм ятеухуа унафэр икІэщІыпІэкІэ кьащтэри зэфІагъэкІ, щхьэусыгъуэ кьагупсысрэ Іужьгъ зэфІамыгъанэу.

«Лэжьыгъэр апхуэдэ кІэльыпІэныныгъэм зэрыщІэтым дэ Іэмал кьыдет ухуэныгъэхэр и пІалъэм зэратынум шэч кьытедмыкьыну икІи фІагъэ лъагэ яІэу ахэр зэратынур ди фІэщ ящІ», - жиІащ Геккиев Зауррэ.

Щэнхабзэм и унэхэр мы гъэм и кІэм ирихьэлІэу ятын хуэдэу лэжьыгъэхэр зэфІэкІынущ. Депутатым и фІэщ мэхъу кьэщІэрэщІэжа Щэнхабзэмкіэ унэхэр кьуажэдэсхэм я зэхуэсыпІэ зэрыхъунур, нэхъыжьхэми сабийхэми я гуапэу абыхэм зэрызыщагъэпсэхунур.

ДЖАТОКЪУЭ Марьянэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Шыщхьэуіум и 6, *махуэку*

♦Ядернэ Іэщэр кьагъэсэбэпу мыдэным и дунейпсо махуэщ

♦Хиросимэ и махуэщ. 1945 гъэм Японием и Хиросимэ кьалэм США-м и кхъухьлъатэм атомнэ бомбэ щридзыжьащ.

♦«Дунейм и дохутырхэр мамырыгъэм и телъхьащ» дунейпсо махуэщ

♦УФ-м Гъущ1 гъэгум кьулыкъу щызыщІэ и дзэхэм я махуэщ. 1851 гъэм Урысей кьэралыгъуэм гъэгу зэпыщІэныгъэхэмкІэ и командующэ нэхъыщхьэм унафэ кьыдигъэкІащ Санкт-Петербургрэ Москварэ зэпызыщІэ гъущ1 гъэгур гъэлэжьэнымрэ хъуэмэнымрэ зи нэІэ щІэтыну дзэ гуп хэхахэр зэкъуэтэпщІыным теухуауэ.

♦1889 гъэм боксёрхэм Іэлъэ яІэрымыгъуэ ирагъэкІуэкІа иужьрей зэІущІэр зэхэтащ.

♦1940 гъэм Эстониер СССР-м хагъэхьащ.

♦1941 гъэм ВЛКСМ-м и обкомым унафэ ищІащ республикэм и щІалэгъуалэм ящыщу Дзэ Плъыжьым связист 400 хуагъэхьэзырыну.

♦1941 гъэм Хэку зауэшхуэм и зэманым совет кьухьлъатэзэкъэ Талалихин Виктор ешм и И-16-м ису жащым бий кхъухьлъатэм ебГъэрыкІуащ. Апхуэдэ нэхъапэм зыми хуэзфІэкІатэкъым. Абы нэмыщІ Не-111 кхъухьлъатэр кьриудыхащ, езым ейми сэкъат игъуэтауэ къеХуэх пэтрэ парашютКІэ кьеІэну хуэзфІэкІащ. Кьигъэльэгъуа хахуагъэм папщІэ абы Совет Союзым и Лыхъжь цІэр кьухуагъэфэщащуэ щытащ. Талалихиныр фашист истребителхэм япэмыльэщу хэкІуэдауэ щытащ 1941 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м.

♦1961 гъэм совет космонавт Титов Герман «Восток-2» кхъухьлъатэ иСу хьэрщым лъэтащ. Гагарин Юрий и ужькІэ хьэрщым кІуар аращ. Титовыр хьэрщым итащ сыхьэт 25-рэ дакъикъэ 11-кІэ, ЩІыр 17-рэ кьиІэтыхьыху.

♦1991 гъэм япэ Интернет-серверым лэжьэн щІидзащ.

♦Урыс суратыщІ, тхьдэр зи лъабжьэ и Іэдакъэщ1экІэмкІэ цІэрыІуэ хуауэ щыта **Васнецов Апполинарий** кьызэраІухурэ илъэси 164-рэ ирокъу.

♦Тхьдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Кьасым Алий** кьызэраІухурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Тыркум щыщ тхакІуэ, жьлагъуэ лэжьакІуэ **Челик Уэсмэн (ХьэкІуратэ)** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Дагъыстэным щыщ къэрал кьулыкъущІэ, 2006 - 2010 гъэхэм а республикэм и президенту щыта **Алиев Муху** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦1987 - 1992 гъэхэм Афганистаным и президенту щыта **Наджибулла Мухьэмэд** кьызэраІухурэ илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Хъэрэджыкъуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и артисткъ **Хьэрэдурэ Динэ** кьыщыдалъхуа махуэщ.

♦Хъэрэджыкъуэ, Адыгэ Республикэм и щІыхьэ артисткъ **Шэгудж Маринэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, Плехановым и щІэзэныкъэ академием и профессор, ЩІДАА-м и академик **Пащты Лолэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

Шыщхьэуіум и 7, *мэрем*

♦Урысейм зыхьумэжьныгъэмкІэ и кьэрал кьулыкъущІапІэм связь хэхамрэ хьыбарегъащІэхэмкІэ и Іэнатіэм и махуэщ

♦1646 гъэм Къэзакъ атаман Пожарский Семёнрэ адыгэпщ Черкасский Муцалрэ зауэлІ мини 6 зыхэт я дзэр Нурадин-Джэрий и лагерым теуэри, хьэбсабэу зэтракъутащ.

♦1803 гъэм «Надеждэ», «Нева» кхъухьэр, капитан-лейтенантхэу Крузенштерн Иванрэ Лисянский Юрийрэ зи унафэщІхэр, дунейр кьызэхакІухьыну ежьащ. А зэкІуэр илъэсищІкІэ екІуэкІащ.

♦1942 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зауэ щытыкІэ щагъэуващ.

♦1987 гъэм Америкэм щыщ, псы есыныкмкІэ цІэрыІуэ хъуа Кокс Линн уи фІэщ мыхъун хахуагъэрэ тегушхуэныгъэрэ кьыкъуэкІащ. Градусих фІэкІа зи мыхуабагъэ щыта **Пьюсы**, США-м кьыщыщІидзэри, Урысейм кьэсащ а цІыхубэ хахуэр. Кокс зэпиупщІащ метр 4160-рэ зи кІыхьагъэ Берингов пщІэкьыпІэр - Аляскэ штатым хьихьэ Диомид ЦІыкІу хьПІыгум кьыщежьэри, Урысейм и Диомидышхуэ хьПІыгум нэсу хьым кьызэпрысыкІыфащ.

♦Хъэрэджыкъуэ, СССР-м, Украинэм, Молдавием я цІыхубэ артисткъ **Ротару Софие** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Футболист, тренер цІэрыІуэ, СССР-м щыхь зиІэ и гъэсакІуэ, 1980 гъэм Москва щекІуэкІа XXII гъэмахуэ Олимп Джэгуэм кьэралым и командэ кьыхэхам хэту жэз медаль кьыщыхьыба, УФ-м и Къэрал Думэм Физкультурэмрэ спортымкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ **Газзаев Валерий** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 31-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЪЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Куэд зэгъащІэ, умыщІэ умыІуатэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъаз

2020 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм щІыхухэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманыр ухащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - фокІадэм (сентябрым) щыщІэдзауэ ар кьевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іужьгъущ Іапі Іэми.

Мази 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 464-рэ кІэпІейкІи 2-рэщ.

Ди индексыр П 5894

Щ1ы Іыхьэ хэхар щатха гупым къыхэгъэк1ауэ нэгъуэщ1 гупым хэгъэхьэным и Іуэхук1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

№154-ПП

2020 гъэм *бадзэуэгъуэм и 10-м* *Налшык къалэ*

«Гъущ1-бетон пкъыгъуэхэр къыщ1ащ1а-гъэк1ыу Май щ1ынальэм щ1ы1э завод» жэуап зэгъэщхьэхуэк1а зыхь зэгуфхэныгъэм 2020 гъэм щ1ышылэм и 14-м №1-м щ1эту къигъэхьа лъэIуфI хэпльауэ, Урысей Федерацэм Щ1ым теухуа и кодексым и 8-нэ статьям, «Щ1ыхьэр е щ1ы Іыхьэ хэхаха щатха гупым къыхагъэк1ыу нэгъуэщ1 гупым зэрыхагъэхьэм и Іуэхук1э» 2004 гъэм дыгъэгъаз эм и 21-м къащта Федеральнэ закон №172-ФЗ-м и 7-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ1ым теухуа и кодексым и 6-нэ статьям я1кт1э ит1кІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещ1**:

1. Пшахъуэ-мывэ зэтеуда зэхэлъхэр къыщ1агъэк1ын папщ1э мэкъумэш мы-хьэнэ зи1э щ1ыхэм къыхагъэк1ыу промышленностым, энергетикэм, транспортым, связым, радиовещанэм, телевидеНэм, информатикэм хухах щ1ыхэм, хьэрш лэжьыгъэм, зыхъумэжныгъэм, шынагъуэншагъэм папщ1э кьагъэсэбэп щ1ыхэм, нэгъуэщ1 мурад убзыхуахэм хуэзаразхьэ щ1ыхэм хэгъэхьэн метр зэбгъуэзнат1э 200001-рэ хьу, 07:03:1700000:142 кадастр номерыр зи1э щ1ы Іыхьэу мы хэщ1апІэм хуэзэр: Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Май щ1ынальэ.

2. Мылъкур къэралым итхынымк1э, кадастрымк1э, картографиемк1э федеральнэ къулыкъущ1апІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ы-Іэм чэнджэщ етын Ямыгъэ1эпхъуэ мылъкумк1э къэрал кадастрым зыхуэфащэ зэхъуэк1ыныгъэхэр хилъхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1
МУСУКОВ Алий

Щ1ы Іыхьэ хэхар щатха гупым къыхэгъэк1ауэ нэгъуэщ1 гупым хэгъэхьэным и Іуэхук1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

№155-ПП

2020 гъэм *бадзэуэгъуэм и 10-м* *Налшык къалэ*

Тэрч муниципальнэ щ1ынальэм и щ1ыпІэ администрацэм 2019 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м №53-2-03-19/2439-м щ1эту къ1игъэхьа лъэIум зэхпльауэ, Урысей Федерацэм Щ1ым теухуа и кодексым и 8-нэ статьям, «Щ1ыхьэр е щ1ы Іыхьэ хэхаха щатха гупым къыхагъэк1ыу нэгъуэщ1 гупым зэрыхагъэхьэм и Іуэхук1э» 2004 гъэм дыгъэгъаз эм и 21-м къащта Федеральнэ закон №172-ФЗ-м и 7-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ1ым теухуа и кодексым и 6-нэ статьям я1кт1э ит1кІэ Къэ-бэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещ1**:

1. Пшахъуэ-мывэ зэтеуда зэхэлъхэр къыщ1агъэк1ын папщ1э мэкъумэш мы-хьэнэ зи1э щ1ыхэм къыхагъэк1ыу промышленностым, энергетикэм, транспортым, связым, радиовещанэм, телевидеНэм, информатикэм хухах щ1ыхэм, хьэрш лэжьыгъэм, зыхъумэжныгъэм, шынагъуэншагъэм папщ1э кьагъэсэбэп щ1ыхэм, нэгъуэщ1 мурад убзыхуахэм хуэзаразхьэ щ1ыхэм хэгъэхьэн метр зэбгъуэзнат1э 170000-рэ хьу, 07:06:3100000:352 кадастр номерыр зи1э, Тэрч муниципальнэ щ1ынальэм хыхьэ Новая Балкария къуажэ жылагъуэм и гъунапкъэм хиубыдэ щ1ы Іыхьэр.

2. Мылъкур къэралым итхынымк1э, кадастрымк1э, картографиемк1э федеральнэ къулыкъущ1апІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ы-Іэм чэнджэщ етын Ямыгъэ1эпхъуэ мылъкумк1э къэрал кадастрым зыхуэфащэ зэхъуэк1ыныгъэхэр хилъхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1
МУСУКОВ Алий

САЛИМЭ



Ди республикэм и жэмышхэм л1эщ1ыгъуэ блэк1ам и тхущ1 гъэхэм зэхаублауэ щыта социалист зэхьэзэхуэм куэдым я щ1эр фIык1э игъэIуащ. Абыхэм ящыщ1у зи гъащ1э псор щ1ыхугъэ л1ьагэрэ л1ожьыгъэшхуэк1э зыгъэнщ1а, зыпэрыта Іэнат1эм зегъэужьыным къарууэ и1эр езыта Пащты Салимэ Мэзан и пхър.

1930 гъэм зи ныбжьыр илъэс 30 ирикъуа Салимэ хьихьащ дэж щ1ыщ1 Куба къуажэм а лъэхъэнэм щ1эзэхаша колхозым ик1и абы щ1ыгъуэ къ1ыхихауэ щ1ита жэмыш Іэщ1агъэм хуэпэжу и гъащ1э псом къек1уэк1ащ1.

Зи щ1хьэгъуэгэр 1943 гъэм Харьков дэж щ1ыхэк1уэда бзыльхугъэм и бгыр щ1ик1ыуэзэри, я къуэ закъуэр зэрипІыхьыным, и Іуэху Іыхьэ зэрищ1эным и акъыл триуХуащ1. И Іэнат1эм здыпэрытым, Пащты Салимэ 1958 гъэм жэрдэм хъыхильхащ, Сталинград областым и Іэщ1ыхуэхэм я щ1ап1ьэм тету, жэмым хуэзэу махуэм щ1э пут къыщ1ашыну. Апхуэдэм зезыпщ1ытыфынур зи ш1ырум щ1ыгугъыж, зи Іэщ1а-гъэм хуэ1эжь, Іуэхум фIыуэ хэзыщ1ык1 гумызагъэхэрат. Пащты Салимэ а илъэс дыдэм зы жэмым хуэзэу килограмм 6035-рэ, кьыК1эльыК1уэ гъэм килограмм 6329-рэ къишащ. Кьыззрыгуэк1 къуажэдзэ ц1ыхубзым дежк1э ар ехъулІэныгъэшхуэт. Салимэ и жэрдэмыщ1эр республикэм и Іэщ1ыхуэхэм гъуэзэ яхуэхъуащ. Ик1и, куэд дэмык1ыу, жэмыш 40-м нэблагъэм зы илъэсым хуэзэу зы жэмым къыщ1ашыр килограмм 4000-м нагъэсащ.

Салимэ 1960 гъэм гъатхэпэм и 7-м, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Унафэк1э, «Социалист Лэжьыгъэм и Л1ыхъжь» ц1э лъапІэр къыфІащащ, къэралым и нагъыщэ нэхъыщхьэхэр - Ленин орденымрэ «Гъубжэрэ Уадэрэ» дыщэ медалымрэ Кремлым къыщ1атыжащ, къыщ1ынэмыщ1ауэ, «Гъащ1эдэк1ым и Бэракъ Пльыжь» орденыр, медалхэр, щ1ыхь тхыльхэр къыхуагъэфэщащ, и ц1эр щал1ъуа къуажэм и уэрамхэм ящ1ыщ зым зэрехь.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Фэеплъ

УзэщІак1уэ

Бахьсэн къалэ щ1ипсэуа Л1ыгъур Ибрэхьим гуапэу си гум куэдрэ къок1ыж. Ар ди республикэм дэнэ къыщ1ына, ди къэралыгъуэшхуэу щ1ытам еджагъэшхуэу исахэм ящ1ыщ зыщ жыс1эмэ, сыщ1ыуэну си гугъэкъым. Ибрэхьим хуэдэу дин щ1эныгъэмк1э Алыхьым и нэфIыр зыщ1ыхуа сэ зэи срихьэл1акъым. Абы сыт хуэдэ упщ1эептами, псынщ1э дыдэу и жэупэр кьыуитыжыт - гъэхуауэ, Іупщ1у, тегъэщ1апІэ къ1ыщ1 тхьыльри абы напэк1уэц1 щхьэхуэхэри къыбжи1эурэ.

ХАМЭ къэралхэм щ1ызэбгрыдза ди лъэпкъэгъуэхэр л1ьагунЬагъу къэк1уэну хуит щ1ыхьужа зэманым Бахъсэн къ1ал эм щ1ипсэуа ди Іыхьлы гуэрым и лъэ хьэщ1эу к1ьелэгъат Сирием и къ1алащхьэм дэт курыт еджапІэм и унафэщ1 л1ы, и унагъуэр и гъусэу. Абы щ1ипсэуа Ибрэхьимрэ си адэшхуэмрэ хьэщ1эхэм ябгъэдэсащ. Ахэр хьэрыпльбзэк1э тыншу зэпсалъэуэрэ куэдрэ зэдэуэршэращ. Иужьым, Іэнэм щ1ыс псоми зэхахьу, адыгэбзэ къабзэк1э хьэщ1эм жи1ауэ щ1ытащ1 илъэс т1ощ1ым щ1игъуауэ школ унафэщ1у лажьэми хэгъэрей къ1ьбгъэдэсхэм щ1эныгъэу ябгъэдэлъым хуэдиз зэ1ри мы1эр. Ар гъащ1эгъуэныщ1э къ1ыс щ1ыхьуат.

Ибрэхьим и щ1эныгъэр ц1ыхухэм яхих1ьэну ар щ1ипсэуа зэманым хуитыныгъэ и1акъым. Уеблэмэ, динымк1э щ1эныгъэ зэрыбгъэдэлъым къ1ыхк1ыу гугъу дыдэ ирагъэхьыурэ къэгъэузгурык1уад. Абы и х1ьыбарыр к1ыхьщ ик1и гуузщ, тхьилъ щ1ьхьэуэ зыхуэфащэщ.

Икъук1э сыщогуфІык1ыж Ибрэхьим сц1ыхуу зэрыщ1ытам. Сэ ар ноби си нэгум щ1этщ1 яп1э дыдэу зэрыслъэгъуэм хуэдэу: л1ы бжьыфІэу, къ1ипсыгуфІык1ыу, и анэдэлъхуфэзэм хуэдэу хьэрыпльбзэк1и шэрыуэу псалъэу...

Махуэ гуэрым, шэджагъуэ нэужьи хъуауэ, си адэшхуэм Бахъсэн сыкъ1ишащ. Ибрэхьимхэ я деж дыЦхьащ, дыджэри къ1ыщ1эк1ащ, гуапэуи унэм дыщ1ишащ. Я1пэщ1ык1э си гугъащ1 си адэшхуэм абы зызигъэшауэ, апхуэдэу ефэнды еджахэм я деж зыщ1ыгъэшэ къэхъурт. Арщхьэк1э, кьызэрыщ1эк1амк1э, Ибрэхьими сригъэджну сыкъ1ыхуишауэ арат. Абы и1эк1э си адэшхуэм сригъэджат. Апхуэдэ щ1ык1эк1э егъэджакІуэ схуэхъуащ си щ1эныгъэмрэ зи ц1ыхугъэмрэ гъунапкъэншэ л1ы щэджащэр. Ар щеджат Мысырым щ1ы1э «Ал-Азьхар» дин еджапІэ нэхъыщхьэм. Хьэрпльбзэм нэмыщ1к1э фIы дыдэу «игъэбзэрабзэт» адыгэбзэри урысыбзэри.

Илъэсихым нэск1э гугъу къ1ьздехьащ Ибрэхьим, тхьэмахуэ къ1эс дерсыщ1эхэр къ1ьзитурэ, зэзгъэщ1эфахэмк1э сыкъ1ипщытэжурэ. Тепльыджащэт абы ит дерсхэр, куут, удэзыхьэхт ик1и фIым ухуеязыджэт, мусльымэныгъэ нэсыр зищ1ысык1ь къ1эзыгъэна1уэт.

Дыщ1ызэпсэльыпІэк1э, Ибрэхьим тегъэщ1апІэ къ1ущ1ырт и нэгу щ1эк1агъэр, гугъуехь игъэвахэр. Зэгуэрым абы къ1ьжи1ащ1 илъэсипщ1к1э тутнакъым зэрисар, Сэлэфк1ий жьхуа1эр зыхуэдэр зэригъэнэхуар.

...ИБРЭХЬИМ, Щ1орджэнц1ыку Алий сымэ хуэдэу адыгэбзэк1э щ1эныгъэ куу зи1эхэм ящ1ыщт. Абыхэм къуажэм (а зэманым Кушмэзык1уэйт) къ1ищ1ынэмыщ1а,- Къэбэрдейм адыгэбзэр щегъэджэныжмк1э яхуэзфІэк1 къагъанэртэкъым. Ауэ, ябгъэдэлъ щ1эныгъэмк1э езыхэр арэзыхь къ1ущ1эк1ыНтэкъыми, абы хагъэхьуэну т1ыри хамэ къэралым к1уат. Ибрэхьим зэрыжи1эжьмк1э, Алий илъэсипщ1к1э Истамбыл дэт дин еджапІэм щ1эсащ. Ибрэхьим Мысырым щ1ы1э «Ал-Азьхар» дин еджапІэ нэхъыщхьэр къ1ыухащ. Т1ыми я гъащ1эр трауухат щ1эбгъэрей фIым ухуэзущ1ыным. Ауэ сыт хуэдэ зэманми щ1ы-Іэщ1 жагъуэгъуэхэр, ц1ыхум зэран хуэзъуныр зи нэрыгъэхэр. Апхуэдэжэм бзэгу яхьри, Ибрэхьим «т1асхъэщ1эхэхэр» къ1ещ1у щ1адзащ. «Си ц1ыхугъэ гуэрым х1ьыбар къ1ызигъэщ1ат сагъэ1ждыныжмк1э яхуэзфІэк1 къагъанэртэкъым. Ауэ, ябгъэдэлъ щ1эныгъэмк1э езыхэр арэзыхь къ1ущ1эк1ыНтэкъыми, абы хагъэхьуэну т1ыри хамэ къэралым к1уат. Ибрэхьим зэрыжи1эжьмк1э, Алий илъэсипщ1к1э Истамбыл дэт дин еджапІэм щ1эсащ. Ибрэхьим Мысырым щ1ы1э «Ал-Азьхар» дин еджапІэ нэхъыщхьэр къ1ыухащ. Т1ыми я гъащ1эр трауухат щ1эбгъэрей фIым ухуэзущ1ыным. Ауэ сыт хуэдэ зэманми щ1ы-Іэщ1 жагъуэгъуэхэр, ц1ыхум зэран хуэзъуныр зи нэрыгъэхэр. Апхуэдэжэм бзэгу яхьри, Ибрэхьим «т1асхъэщ1эхэхэр» къ1ещ1у щ1адзащ. «Си ц1ыхугъэ гуэрым х1ьыбар къ1ызигъэщ1ат сагъэ1ждыну унафэ зэрыщ1ы-Іэмк1э, - къ1ьзжи1эжьгъат Ибрэхьим. - Си гугъащ1 ар п1ы1уэ, лажьэ гуэри щ1ызмы1эк1э, си гугъу къащ1ын хуэмейуэ. Ауэ, дауи ирехъуи, х1ьыбарыр гуп1ытэнщ1у къзгъэнакъым. Жэщ1ым машэ къэст1ри, пхъэ пхъуантэ ин сщ1ам дэлъу си чыпапу хуэдэ щ1эст1ащ. Пщэдджыжьым нэху сыкъек1ри, зэрыжаIам хуэдэу, сыдащащ. И1эсипщ1 енк1э си щ1эныгъэм щ1ыщу зы псалъэ къзгъэсэбэпыну схуэзФІэмыкІыу тутнакъэщ1ым сы-щ1ащ1. Гугъуехь Іэджэ си фэм дэкІащ... Зэи кьерымыкІуэж апхуэдэ зэмам!..»

Хуит къэхъужа нэужьк1э Ибрэхьим зыкъомрэ псэужащ, Іэужьыф1эр и1эу, ГъуэгУ захуэм ц1ыхухэр хуиуэзщ1у. Си гуапэ дыдэ хъуащ а ц1ыху л1ьапІэр щ1ипсэуа уэрамым абы и ц1эр зэрыф1ащ1ыжар. Ар я фІыщ1эщ ИбрэхьИм и уэрамым тес унагъуэхэм. А л1ы щэджащэу щ1ытам, и Іыхьэу сыкъ1эззыльэгъуам, гурэ псэк1э сыхуохъуахъуэ Жэнэтыр и уна1э хъуну.

ПЩЫХЬЭЩ1Э Лат1иф.

● Т1ек1уэныгъэ - 75

Елокъуэ Хъанджэрий

Ким Ир Сенрэ Елокъуэ Хъанджэрийр. *1946 гъэ*

Москва и Іэшэлъэшэхэм 1941 гъэм и щ1ымахуэ уаем бийм бгъэгук1э щ1ипсэуа-хэм яхэтащ Арщыдан къыдэк1а лейтенант нэхъыжь Елокъуэ Хъанджэрий.

АДЫГЭ щ1алэр т1ас-хъэщ1эх гупым и унафэщ1т. Абы пщ1эшхуэ хуащ1ырт и зэфІэк1 лъагэм, хэлъ л1ыгъэм, гу щабагъэм щхьэк1э. Штабым и тхьэмадэм къыхуигъэув к1ьалэн псори Хъанджэрий и гупым дагъуэншэу яГъэззащ1эрт. Мызэ-мытІэу ахэр бийм я щ1ыбагъэм к1ыэрт, хьэбар къ1ьхьэм хуейуэ и1ки Іэнэщ1у зэи къагъэззэмыгъэтэн.

Елокъуэр куэдрэ ирихьэл1эрт бийм и дэз пэрытхэмрэ езым хуэдэ бий т1ас-хъэщ1эхэхэмрэ. Ауэ Іэмал, Іущ1ыгъэ куэдым хуэ1эжь зауэл1 хахуэм сыт щ1ыгъуи хэк1ыпІэфІхэр къигъуэтырт, к1ьалэныр гъэззащ1а хъуным гупсысэщ1эхэр ирихьэл1эрт. Абы и гупым нэмыщ1м и штабхэр, Іэщ1э хъуманІэхэр к1ьахутэрт. Апхуэдэу, хэк1ыпІэ псори къигъэсэбэпыфу, тегушхуауэ зауэу зэрыщ1ытым папщ1э, Хъанджэрий генерал Панфиловым фІыщ1э къ1ьхуищ1ауэ, к1ьэрал дамыгъэ л1ьапІи къ1ритауэ щ1ытащ1.

Зэгуэрым лейтенант нэхъыжь Елокъуэр зи чэзу унафэр игъэззэщ1ену ежьат, и т1ас-хъэщ1эхэр и гъусэу. Абыхэм нэмыщ1эр зыдыхьауэ хуагъэфащэ Ананьино Хъуажэмк1э (Москва и гъунэгъущ1) яунэт1ащ1. Хъанджэрий и гупым къахутащ1 жьлэм нэмыщ1 гуп фІэк1а зэрыщ1ымыІэр ик1и ахэр псори зы унэ гуэрым ефэешхэу зэрыщ1эсыр.

Елокъуэм и зауэлІхэр гуп-гупу игуэшащ1. Т1ур унашхьэм дэпщ1ен, зым бий п1ы1ырыр «Іуихьн» хуейт, щ1ыр пщ1ан1эм дэт псык1ыуйм деж щ1ет1ыс-хэнырт, езы Хъанджэрий унэм бг1эдыхьэнурэ нэмыщ1эхэм затыну яжриэнэт.

Щ1ымахуэ жащ к1ыФІыр къуажэм ц1ыдэгъуэлъхьащ. Т1ас-хъэщ1эхэхэр щхьэж и пІэ Іэуэлъауэнэшэу и т1ысхьащ. Нэмыщ1эхэми я Іут1ыжт - е фэт, ешэт. П1ы1ырыр Іэ3эу л1ынык1ыуэ ириГъэза нэужь, Елокъуэр унэ щхьэгъубжэм теуІуащ: «Фык1ъэдхъуреихьащ, зык1ъэфт», - жи1эри. Гужьеиг1ъуэр къ1ызык1ыщ1ззэрыхьа нэмыщ1э сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ хэт къ1ыщ1эжауэ я мотоциклхэм дежк1э жэрт, хэти и автоматыр къигъуэтыжауэ унэм къ1ыщ1эук1ырт, хэти ищ1энур имыщ1эу, ч1эфыжьу щ1ыст.

Абы щ1агъэм Елокъуэр зи унафэщ1 т1ас-хъэщ1эх щ1алиблым нэмыщ1 зауэлІ 20 яук1ауэ щ1ытащ1. Ахэр бидзэм и штабым щ1ыщу арат.

Мы Іэхум папщ1э Хъанджэрий Бэракъ Пльыжь орденыр къ1ьралым къ1ритат, езыри батальоным и унафэщ1 ящ1ат. Хъанджэрий и гупым и зэуэк1эм теухуауэ усак1уэ-панфиловец Кузнецов Павел «Хэкум папщ1э» дивизэ газетым усэ къ1ытрыирэ3дзауэ щ1ытащ1.

Апхуэдэу хьыжьэт - бгырыс щ1ал1эр. Абы Іэмал гъэщ1эгъуэнэхэр къ1ыгъэсэбэпырт.

Батальоныр щ1ытык1э гугъуэм ихуат абы щ1ыгъуэ, арщхьэк1э абы и пашэ Елокъуэм унафэ къ1ыІэрыхьат зы л1ъэбакъуэ ныкъ1ыжк1и къик1ыуэт мыхъуну, зы жэщк1э нэхъ мыхъуми зальгъыну. Бийр хуабжьу къебгъэрык1уэрт, абы и бжьгъэр ди зауэлІхэм нэхърэ фІыуэ нэхъыбэт. Арати, Хъанджэрий бзаджагъэм хуек1ыуащ. Абы и ж1эм тету к1ьуажэ гъунэгъуэм шыгуу, шыдыгуу дэтым я гуплІэр зауэр щек1ыуэк1ыну губгъуэм хъахури, шыгуфэхэр Іэтауэ пщ1ыхьщхьэ хуэк1уэу яГъэуващ. Жьыжьэу к1ьапльэ бийм ахэр псори топу къыфІэщ1ащ1 ик1и «мы щ1ыпІэр хуабжьу зэщ1ауэздащ» жи1эри, а жэщым ебгъэрык1уэ-ныгъэр игъэуІат.

Етіуанэ жэщым ирихьэл1эу ди зауэлІхэм дзэм дэ1эпыкъуэг1ъшхуэ къ1аритри, зэзауэр кьахьэхуат.

Сыт хуэдэ щ1ыгъуэ гугъуэм къик1ыфІырт Елокъуэ Хъанджэрий. Абы и бгъэгум щ1ылыд дамыгъэхэм къ1ыхэхуат Вагъуэ Пльыжьым и орденри, Хэку зауэ орденым и нагъыщитІри, медаль зыбжани. Совет зауэлІ щ1эм хуэпэжу Т1ек1уэныгъэр х3эзыхьжахэми яхэтащ ар.

КЪАРДЭН Блыкуэ.

Ди къэралым и щ1ынальэ псоми илъэс зыбжанэ л1ъандэрэ щэщ1ауэ щ1ола-жьэ УФ-м и Президентым къ1ыхилъхьауэ щ1ыта лъэпкъ проектэр. Ц1ыхухэм я псэук1эр егъэфІэк1уэным хуэгъэпса а Іуэхугъуэфі1эхэм къ1ьзэщ1ауфы-дэ ди гъащ1эм и л1ьныгъуэ3эмы1Іэужьыгъуэхэр. Проектхэм ящ1ыщ зыбжанэ хуэунэт1ащ1 егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнат1эм адэк1и зегъэужьыным. Апхуэдэхэщ «Егъэджэныгъэ», «Демографие», «Псоми ди зэхуэдэ Іэмалхэр», нэгъуэщ1 проектхэри.

«ДЕМОГРАФИЕ» лъэпкъ проектым итпкъ ит1кІэ ди республикэм мы зэманым щок1ыжк1 ухуэныгъэ щхьэпэхэр. Къапщтэмэ, апхуэдэщ Тэрч къ1ал эм къ1ыдэхъуэ щ1эблэм гъэсэныгъэ ек1у ик1и къ1ызыхуэтыншэ, пэщ1ыдзэ щ1эныгъэ егъэгъуэтыным хуэщ1ащ1 абы мыгувэу къ1ыщ1ззІ1ауахыну сабий садыщ1эр. Ныбжыщ1и 140-рэ зэк1ыуэ1эфынуГъэсапІэр иджырей ухуэныгъэ мардэхэм и1ІаІесу щ1ытщ1. Абы и блынхэр керамикэ чыр6ышхэмк1э зэтелъхьащ, ек1уу зехьащ, бжэщхьэгъуэщ1эхэр хальхьащ. Унащхьэрэ технологиещ1эхэм тету тралъхьащ1.

Садыщ1эм щ1ашащ1 псы, хуабагъэ зрик1ыуэну бжьамийхэр, ток к1апсэхэр. Пэш к1ыуэщхэм я нэхъыбапІэр зэрахьак1ащ. А лжьыгъэхэм къадэк1ыуэу ухуак1ыуэхэм зэфІагъэк1 садым и сабий джэгуПІэхэр зыхуей хуэгъэззэнри. Ахэр 7 мэхъу - дэтхэнэ гупри зэпэщхьэхуэу джэгуфынк хуэдэу. Джэгуп1эхэм хохьэ пшахъуалъэ щ1ыщ1эр, узыщ1эс хъу зы-гъэпсэхупІэ дахэхэр.

Куэд зыщ1ыгуфІык1 ухуэныгъэм псори зэхэту евбыд метр зэбгъуэзнат1э 2 150-рэ. Ухуак1уэхэм зэрыхуагъэфащэмк1э, сабий садым и бжэхэр тэрчдэс щ1ык1уэм кьахуэзэуихынущ гъэ еджэгъуэщ1эм ирихьэл1эу.

Тэрч къ1ал эм дащ1ыхь проектым хуок1уэ Щэджэм щ1ынальэм хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм и ипщэрабгъуЛъэныкъуэм щаухуэ сабий садыщ1ыуэри. Ар зэтралъхьак1ащ, бжэ-щхьэгъубжэхэр хагъэзауащ. Коммуникацэ зэмыл1эужьыгъуэхэр зрик1ыуэну бжьамийхэр, ток, к1апсэхэр ирашэл1ащ. Іэужьщ1апІэм хуагъэуващ котельнэ, трансформатор щхьэхуэхэр.

Зы къат хъу гъэсапІэм ек1ыуэл1эфынущ сабии 140-рэ, илъэсэ 3 иримыкъуахэм деж къ1ыщ1ыщ1эдзауэ илъэси 7-м нэс зи ныбжьхэр къ1ьзэщ1иубыдэу. Сабий садым хэтщ макъамэ, физкультурэ пэш инхэр, медицинэ, шхапІэ Іэнат1эхэр, администрацэр зыщ1эсыну къудамэ. Абы и пщ1ан1эм щ1ауэ щ1эхэр зыщ1ытыну къ1ьзэбэкъхъэр. Щ1ъэльыкъуэ къуажэм и администрацэм и мылъкуІэ садым и пщ1ан1эм щ1ыхасэнур щ1ыгъ дахэхэр. ГъэсапІэр ятыну я мурадщ 2021 илъэсыщ1ам ирихьэл1эу. Ухуак1уэхэм зэрыжьэмк1э, ухуэныгъэр нэхъ пасэу зэфІэк1ынри хэлъщ.

Зи гугъу тщ1ы сабий садэхэм ящ1ыщ дэтхэнэми я ухуэныгъэхэм хухахащ ахъшэ сом мелуани 110-м щ1игъу.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Лъэпкъ проектэр

Куэд зыщ1ыгуфІык1 ухуэныгъэхэр

● Дызыхуэныкъуэ Іэщ1агъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр сату-технологие колледжыр

Налшык къалэ дэта Іэфіык1э фабрикэм и лъабжьэр къ1ыщ1ежьри, гъуэгуанэ к1ыхь къик1уащ Къэбэрдей-Балъкъэр сату-технологие колледжым.

ИДЖЫПСТУ еджапІэр къ1ызгъэпэщащ нобэрей мардэхэм къ1итІасэ Іэмэпсымэхэмк1э, студентхэр зыщ1эс пэшхэр, практикэ щрагъэк1уэк1 лабораторэхэр зэпэщащ. Апхуэдэ лъэкІынитІ-р колледжым къритащ ар зыхэта урысейпсо зэпеуэм: абы т1ек1уэныгъэр къ1ыщ1ихьри, къ1ыхуагъэфэща ахъшэ саугъэтымк1э зыхуэй псори къ1ащ1ахуащ.

Ди республикэр сыт щ1агъуи зэрыхьащ1э к1ыапІэр зым и дежк1и щ1эхук1ым. Аращи, ди щ1ынІэ дахэм зыщ1агъэпсэхуну къак1уэхэр къ1ьгъэблэгъэным, гъэхьэщ1эным, Іэфіу гъэшхэным, я нэгу зегъэужьыным, дахэу егъэжьжьным епхащ1 колледжым щ1ыхуагъэхьэзэр Іэщ1агъэлІхэр. Я1фІэгъэщ1агъэуну еджапІэм къок1уапІэ ныбжьыщ1э куэд ик1и хущ1окъу зыхуей хуэ3эу загъасэу къ1ыхаха Іэнат1эм пэрыувэну. Гъэсак1уэхэм гупльитэ хэха хуащ1 я нэІэ зытетхэм хабзэ яхэлъхьэным.

«Нэхъыбэу дызыхущ1эхъур ди колледжым къак1уэ дэт-хэнэми ц1ыху нэс къ1ьхэк1ынырц», - жеІэ еджапІэм и унафэщ1м и къуэдзэ Бэзрокъуэ Маритэ.

Дахагъэ псори зэдащ1ыІэ ди щ1ынальэм ящ1энрэ я1эжьынрэ щ1ызыгъуэтыну ныбжьыщ1эхэр нэхъыбэ хъуну, абыхэм дэрэжьгъуэ къ1ьзытын Іуэхугъуэфі1 куэд къ1альыкъуэк1ыну Тхьэм къ1ыщ1ик1ыгъак1!

ДЖЭДУ Сэкинат.

Марсым псэ зыпыт гуэри къ1ыщагъуэтыныи хуэгъэза Іэмалхэм зегъэужьыным, зегъэубгъуным куэд щ1ауэ яужь итхэщ, къаруушхуи трагъэк1уадэ Щ1ы Хъурейм тет къэралхэм я щ1эныгъэлІхэмрэ инженерхэмрэ.

ПЛАНЕТЭ «плъыжьым» и щхьэфэм гъащ1э щ1ыщ1ыщ1эу иджыри къ1ьздэсым къ1ахуэхутакъым. Щ1ыгъэк1э, США-м и Нью-Йорк къ1ал эм дэт университетым Абу-Даби щ1и1э и центрым щ1ылажьэ астрофизик Атр Димитрэ зэрыгрыгэ-ныныкІэ, Марсым метр 2 хуэдиз зи куугъэ и щ1ы щ1агъым гъащ1эм и хуэмэбжьымэ гуэрхэм уащ1рихьэл1энк1э хъунущ. Щ1эныгъэлІэр апхуэдэ гупсысэм хуэзэшыар, е1ым зэрыжи1эмк1э, иджыблагъэ ирегъэк1уэк1а зэгъэпщ1ныгъэхэм къагъэльэгъуэхэрщ.

Ауэ щ1ыхуэк1и, къэрал зыбжанэм я еджагъэшхуэхэр щ1ыхьэт зэрытехъуэм тетщ1ыхьмэ, Марсым и гущ1ыум илъэс меларди 4,1 - 3,7-рэ ипэк1э псы итыпІэ абрагъуэхэр тетащ, гъащ1эм нэхъ зыщ1ыубгъуауэ щ1ытащ. Арщхьэк1э, планетэ «плъыжьым» и хьэуам лъэхъэнэ кІыхьым и к1ІуэщІк1э щек1уэк1а зэхъуэк1ыныгъэ зэк1эльымык1уэхэм абы и щхьэфэм щ1ыфафэу тета псыхэри, кьанэ щ1агъэу щ1ымы1эу, трагъэгъущ1к1ащ, псэ зы1уту щ1ыдымахэри трагъэк1уэдык1ащ.

А планетэм и щ1ы1ум псы зэрыщ1ы1ам и щ1ыхьэту ик1и и лъэужьу спутникхэм «къалъэгъуауэ» щ1эныгъэлІхэм зыхужа1эр абы и щхьэфэм метри 2 - 3-к1э пэ1эщ1э и л1ьабжьэм къ1ьщагъуэтыну зыщ1ыгугъ щ1ыгуш1ыпсырщ е абы и гъунэгъуу адэк1ымыдзк1э «зыщ1ызыгъэпщ-к1уауэ» хуагъэфащэ, псым и Іэф1ыр нобэр къ1ьздэсым зыщ1эмык1а мыл Іэшк1эш-хуэрщ. Атр Димитрэ зэрытригъэчыныхьымк1э, абыхэм я Іэшэлъашэрщ планетэ «плъыжьым» къ1ыщ1эзтена гъащ1э мащ1эм и хуэмэбжьымэ гуэрхэм уащ1ыхуэзэнк1э хъунури. Сыту яжпІэмэ, абдежьрщ, Дыгъэм и ультрафиолет бзийхэр здынэмыс, метри 2-м къ1ьщ1эдзауэ нэхъбзэж зи куугъэ щ1ы щагъырщ, псэ зы1ут т1эк1уу Марсым къ1ьщ1эзэтенахэм зыщагъэпщк1уФынк1э хъунущ щ1ытари. Астрофизикым къ1ьзэрыгъэувымк1э, я инагък1э хъэпщхупщ1ым емыбзк1 апхуэдэ щ1ык1ужьейхэм «шхынык1ыуэ» папщ1эу къахуэгъэсэбэпынущ л1ьщагъэ1ьшхуэ зи1эу хьэрщ1ым къик1, зи гугъу ящ1 щ1ы щагъым нэск1э к1уэц1рыпсыкІыф мэскъалхэм къапих нурымрэ Марсым и щ1ы щхьэфэр щ1эзэ1ьуэма радионуклидхэм къауТІыпщ радиацэ мащ1эмрэ.

Мы Іуэхум и пэжьпІэр зэхагъэхын папщ1э, инженерхэм къагъэсэбэпыну я мурадщ «Урысейкосмосымрэ» «ЭкзоМарс» европей хьэрш агентствэмрэ 2022 гъэм и етІуанэ Іыхьэм здауТІыпщыну трауху, Марсым и щ1ы щхьэфэр пхрызыбруукІыфыну Іэмэпсымэ л1ьщ1эр зрагъэува Rosalind Franklin марсырыкІуэ роверым къ1ьхуэхутэну зыщ1агугъэр.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Уафэщ1 жыжьэхэм

Хьэпщхупщхэм емыбэк1ми

Адыгэ бзылъхугъэ

Зыгъэхъэзырар **ЩОМАХУЭ Залинэщ**

УзыщІэхъуэпсыр къохъулІэ

«Бзылъхугъэ» напэкІуэцІым и хъэщІэщ зэманым декІу, зыпэрыт Іуэхум хуэжьыджэр, зыхэт гупым фІыкІэ къыхэжаныкІ дохутыр Мэремщауэ Тамарэ. Абы 2008 гъэм Налшык дэт курыт еджапІэ №27-р дыщэ медалкІэ къиухащ икІи академик Павловым и цІэр зэрихьэу Санкт-Петербург дэт медицинэ университетым ар щІэтІысхьащ. 2014-2016 гъэхэм Алмазовым и цІэр зезыхьэ медицинэ Іуэхущ1апІэм клиническэ ординатурэр акушерствэмрэ гинекологиемкІэ къыщиухащ. Санкт-Петербург дэт медицинэ факультетым ультразвуковой Іэмалхэмрэ бзылъхугъэрэ щІэтІэнымкІэ ІэщІагъэ щызэригъэгъуэтащ. Абы къыкІэлъыкІуэу Мечниковым и цІэр зезыхьэ медицинэ университетым «Гинекологическая эндокринологии» программэмкІэ щеджэжащ. Тамарэ хэтщ Урысейм Цыхум и репродукцэмкІэ ассоциацэм.

Пщащэ тхьэІухудыж, щэныфІэм, дохутыр Іэзэм лъэныкъуэ куэдкІэ зэрызиужьыным хущІокъу. И лэжьыгъэм къыхудэхуэ зэман мащІэм абы хамэ къэралыбзэхэр зэрегъащІэ, адыгэ къафэм зыхуегъасэ. Тамарэ зытет Іуэгу дахэр и нэщэнэщ ар фІыкІэ узыщІыгуръхунухэм зэращыщыр. Абы и щхьэхуит нобэ фи пащхьэ нитІъхьэ и гупсысэхэр.

Къежьапіэр псоми я щхьэщ

- Дэ унагъуэпсэухэм дащыщкъым, ауэ нэхъыщхьэращи, фІыльагъуныгъэ, зэгурыІуэныгъэ, зэхэщыкІ диІэщ. Си адэ Мэремщауэ Александрэ си анэ Къэмбэчокъуэ Мадинэрэ си дэлъхумрэ сэрэщ яІэр. Си адэр гъащІэм гъуазэу, гъуэгугъэльагъуэу щыдиІэщ. Хъыджэбз щыкІу куэдым хуэдэу, сэри сызэрыщыкІыр си анэр дахагъэм, Іущагъым, хабзэ дахэм я щапхъэу къызэлъытэ. Си псэм пэсщІ си дэлъху закъуэ Алим щыпсэури щылажьэри Новосибирскщ. Адыгэхэм я хьэлъкъым я унагъуэм щыщхэм куэдрэ тепсэлъыхьу е я фІыпІэгъуныгъэр зхэІущІыІу ящІу, ауэ гугъущ, апхуэдизу къобэкІыр щІэпхъумэну.

Дохутыр мыхъумэ, хэту седжэми здэрт

- Пэжыр жысІэнщи, сэ сащыщкъым зэрыщыкІыпрэ дохутыр хъуну щІэхъуэпсахэм, уеблэмэ, 10-нэ классым сынэсыху дохутыр Іэщ1агъэм зыщыздзэйуэ, абы нэмыщІ сыту седжэми здэуэ щытащ. Ауэ, зэрыжаІэщи, нэхъ узыщыщынэрщ гъащІэм хъыппекІуэкІыжыр. Си адэ-анэр ныкъэзнэдащ, дохутыр сыкъуэ, зэрафІэкъабылыр къыщыжаІэм, си гупсысэ сегупсысри, сытегушхуащ. Абы щыгъуэ сэ дэнэ щысщІэнт а Іэщ1агъэм ирилажьэн щІэздзэн и пэ гугъуэхыу къыспэщылъыр зихуэдизыр. Ауэ щыхъуКІи, зэи сихущІегъуэжакъым, Іэщ1ыб сщІыну сыщыхуэйт къэхуакъым. Іэщ1агъэ нэхъыщхьэ щызэрэсгъуэтар Санкт-Петербургщ. Ялэу абы сыщыкІуам 11-нэ классым сыщІэст, зыпэмыжьажІуэ сежьати, си акъшэр сфІадыгъури машІэу гугъу срагъэхьат, ауэ мурад сщІат къалэм и «нэфІ зыщІэгъэхуэжьныи», зэзгъэхъуІлащ.

ЕгъэджакІуэ хъуфыр зырызщ

- Ди Іэщ1агъэм щымащІэкъым сэ сызыдэпльей, щапхъэ схуэхъу цІыхуэшхуэр. Сезыгъэджахэми мымащІэу яхэтщ, цІэ льапІэр медицинэм къыщызэлъжьафа дохутырщыхуэхэри, ауэ щІалэ. АуэкІэ, сэ сехуэжьІэнкуэкъым фІэкІыпІэ имыІэу егъэджакІуэ нэс схуэхъун срихьэлІауэ - сэркІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ а псалъэм. ЩІэныгъэ зиІэр куэдщ, ауэ егъэджакІуэ нэс хъуфыр зырызщ.

Нэхъ хьэлъэр

- Медицинэм къыщыхэсхьну унэтІыныгъэм нэхъ гугъу сыдэхьащ. Сызэреджа ильэсхэуам зыбжанэрэ схъуэжащ, иужькІэ, еханэ хурсыем сыщІэсу, хирург Іэщ1агъэм сыкуэджэну тезухуат. Ауэ, си сапэр угъурлы хуэхъуну щыгугъыу си гъащІэр къысІэщІэзыльхьа цІыхр лІауэ си нэгу къыщІэувэри, сыхущІегъуэжащ. ЦІыхум и узынщагъэ пІэщІэльныр жэуапльныгъэшхуэщ, ауэ гъащІэ пІэщІэльныр куэдкІэ нэхъ инщ, нэхъ гугъущ. Арати, дерматолог, косметолог унэтІынгъэхэм нэхъ тезгъащІэу, косметологиемкІэ курсхэри къэзухри, мазитІкІи сылэжьащ. Лэжьэн щІэздза иужькІэ си Іэщ1агъэр сызэрысымейр къыщызгъуРыІуар.

Акушер-гинеколог Іэщ1агъэр къызэрыхэсхари гъэщІэгъуэнщ, зы махуэм сытегушхуат. Абы ирилажьэ дохутыр гуэрым сыхуэзауэ сепсэльъыпІэри, къызгурыІуащ сызыхуейр. Абдеж ординатурэм сыкІуэну экзаменхэр стын хуейти, си дэфтэрэхэр кхъыхэха унэтІынныгъэм псынщІэу естыжщ, экзаменхэр стыри, сыщІэтІысхьащ. ЗанщІэу си нэгу къыщІыхьат си цІэ-унэцІэм врач-репродуктолог пыту, ар си лэжьаПІэ пэшым тетхауэ, бгъэхэІум тетэ зэрызесхьэнур.

Дохутырхэр нэгъуэщІщ

- Адрей Іэщ1агъэхэм медицинэр куэдкІэ къыщыхьащ. Псом япэрауэ, медицинэр къыхэзыха псоми ящІэ а Іэщ1агъэм, къахэныкъуэ цІыхухэм, Гиппократ и тхьэрыІуэм езыхэм тыхь зэрызэхуащІыр. Сымаджэм и узыр дагъэпсынщІэн папщІэ дохутырхэм куэд, куэд дыдэ зыхуагъэныкъуэ, а Іэщ1агъэм арышнауэ урилэжьафынукъым. ЕджапІэм узэрыщІэтІысхьэу щІедзэ абы. Уи жей умыгъэныкъуэу, къару тумыгъэкІуадэу уеджэфынукъым. СощІэж, дыщеджэм щыгъуэ, ди егъэджакІуэхэм операцэ зэращым деплъынту дашати, сыхьэт 12-м щІигъукІэ щекІуэкІ къэхъурт. Si меданикІи теплъэкъуакІ, тегупсысакІ мыхъуу, къарурэ зэрІэкІыІуу яІэр стІолым тельым бгъэдалъхьэри, абы куэдым сригъэгупсысащ. ЕтІуанэрауэ, а Іэщ1агъэр къыщыхэпхым дежь, езым уи фІэфІынгъэкІэ апхуэдэ псэукІэм «Іэ щІыбдз». Дохутырыр Іэпкъльпхьым и мызакъуэу, псэми и дохутырщ, ар зыщІыбгъэгъупщэнкІэ Іэмал иІэкъым, псалъэм къаруушхуэ иІэщ. Сэт хуэдэ Іэщ1агъэми абы ирилажьэм гупсэхуГуэ иримытмэ, урилэжьафынукъым икІи къоХулІэнкъым. Дохутырхэм я дежкІэ я сымаджхэхэм я псалъэ гуапэм, абыхэм я гукъыдэжьым нэхъ «улахуэфІ» щыІэкъым.

Улажьэмэ, лажьэр бгъэхъужьнщ

- Мы зэманым сэ сыщолажьэ Налшык дэт «Центр ЭКО»-м. А клиникэр Урысейм щыІэ «Центр ЭКО» Іуэхущ1апІэ иным и зы къудамэщ, апхуэдэу къэралым 30-м щІигъу итщ. Иджырей мардэм къигъэув жыпхъэхэм тету лажьэ клиникэм бзылъхугъэхэм зыхуей дэІэпыкъуныгъэ псори щрат. Клиникэр Налшык зэрыщылажьэрэ ильэситху мэхъури, абы щыщу сэ ильэсрэ ныкъэуам сыщыІэщ. Си Іэщ1агъэм хэзыщІыкІ, абы куэпэжу щылажьэ гупым ди къалэныр сабий узыншэ дунейм ихьатыгъэхэм я щхьэщІэтэжар.

НатІэм къритхам уфІэкІынукъым

1925 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м Хужь Шэджэм І къыщалъхуащ. Я къуажэ дэт курыт еджапІэм классиллір къыщиухри, колхозым щылэжьэн щІидзащ. Хэку зауэшхуэр къэхъейри, езым хуэдэ куэдым хуэдэу, гугъуехь минхэр и фэм дэкІащ.

И щхьэгъусэ Тау Мухьэмэд 1942 гъэм зауэ Іэнатіэ Іуту, Харьков дэж зэхэуэ гуащІэм хэхуэри, лагъымым и лъакъуэ лъэныкъуэр пиудати, пасэу къагъэкІуэжауэ щытащ. Ар илъэс 66-м иту дунейм ехьжащ, ауэ абы къиГэна цІэ дахэр нобэми быным я жьауэщ. Лъакъуэ лъэныкъуэ фІэкІ пымытми, абы лэжьыгъэм я нэхъ хьэлъэм зрипщытыт. Ар илъэс куэдкІэ къуажэ щхьэлтету лэжьащ. Жылэм ягъэщІагъуэу нобэр къыздэсым жаІэж, щхьэлым бэджьых фІэлъын

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ

Уафэбгыкъу и нэлат

Тхыдэ роман

(Кіэухыр.
Пэщіэдзэр №№37 - 39, 41 - 48, 50 , 51, 54 - 57, 62, 65 - 68, 70 - 72, 74, 77, 79, 81 - 83, 85, 86, 90-92-хэм итщ).

... Хьэжджэт-Джэрий и щхьэгъусэ Кэмыртэб дахэм (и цІэм - «мазэгъэ нур» къокІ) тІуанэ щытрищІэм, мыдрейм бамПІэ уз хихри, мэгъу жьІэгъуэхэр къызыкъуихьу хуежьат. КъуейнэрукъэфыкІыу тралъэІукІри, ягъэкІуэдащ а тхьэмыщкІэр. Абы кІэжриІат кърыштэтэр лІакъэр иужь дыдэ зауэ зекІуэ ихьэу зызыпишэ мыхъуну щэху шынагъуэм щентІэІунур... Бзыльхъугъэм зыбжанэрэ къажриІа гуэрхэр нэхъ иужькІэ зыдалъагъужа пэтми, а зы теІуэгъэуэ ябзыщІащ хьанхэм. Щы-гъаззэхэри ягъэкІуэдагъэнщ, хьанхэм я зауэлІыгу мыгъун папщІэ.

- Уэ хэт ухъуну? Дауи хакъела? - щІоупщІэ Къэзанокъуэр

- Рэфыкъщ си цІэр. Хъан дэфтэрэхьэу щыта си адэшхуэхэр бзагуэт, хъан унафэкІэ я бзэгуэхэр паупщІащ, арщхьэкІэ тхэрт. Тхыгъэ зэІэпахыфащ лІэужькІэрэ. Сэ сакъыщІелари, лІэщІыгъуэу еплІанэр зэрелэжам и сэбэпу арагъэнщ. Хэтыт ильэсэ щиплІам хьыхьжа щэхум сыщыгъуаззу зыщІэр? Мыхьэнэ къызатакъым...

ЛІыжьыр зэуэ Іэнкун къызэрыхъуам пщы уэлийм гу лъетэри:

- Жьы!э, Рэфыкъ. Дынодаіуэ...

- Хъан дэфтэрхэр иджыпсту зыдохьэ. Дотхэ. Мы вжесІэжхэр куэд щІауэ зэхуэжІуэрэ иджы зэІупкІэжат. Фу Уафэбгыкъу дыкъызэрихьэрэ, Къаплъэн-Джэрий мо бгым нэ жагъуэкІэ Іуплъэу, зэм - «ажалыфэ», зэми - «шейтІан бжабл» зэрэхужиІэтэри щхьэусыгъуэншэу къыщІэкІынкъым: ищІагъэнт хьаным и псэм...

Хьэжджэт-Джэрий и Кэмыртэб Іущым и нэгу щІэтар мыращ, - Рэфыкъ макъэрэ гукІэ къебж:

Фокіадэ мазэрэ, мазэ изыгъуэу,

Пщыр сэшхуэ-шабзэрэ щыр пщІэгъэпщІу дэгъуэу.

Тхьэху бгитІ дыкъуакъуэрэ, мылылъэ дэгуу,

Пхъур косог лІакъуэрэ, псыр къуакІэбг ергъуу.

Уафэбгыкъущхьэм хъан лъыпсыр тещІэу -

Гьнгъэщхьэ...

Мес, зиусхьэнэ, а къуэпсыр зытежащІа лъыжаІпІэ лъагъуэр, ди тэтэрзэкІэ: къанжол. Уафэбгыкъу и нэлатырщ Хьэжджэт-Джэрий и Кэмыртэб насыпнышэм и нэгу щІэкІар. Адрей нэщэнэхэрщи... фи нэрылъагъуэ! - хьанхэм я дэфтэрэхьэ гъэрыр лъэгуажьэмыщхьэу йотІысэх, Уафэбгыкъу набжьэм щІэплъэу духьэ къеІуэщэри, «къанжол, къанжол» жиІэурэ, и жьэпкъыпІэ нэпсыр Іэгукъэ ирелъэщІэх.

- Сыт хуэдэ «жол»-ми зэкІэсу фыкІуэ. Щыригъэр ар «къан-жолу», фи кІуэдымрэ ди тхыдэмрэ я уэчылу, - жеІэри, Дэмдей тщІ уэлийм йоплъ.

ХьэтІохъущокъуэпщІэм щыт. Къэсей хьэжьым и дыжьын баш щІыкІыр Уафэбгыкъу - Къан-жолкІэ ишийуэрэ:

- Іэстофрилэхь! - жеІэри иджыри зэ дыуэ ещІ.

Къэсей и сарыкъ купсэр пІэжьажьэурэ зэрыхьэфи Жэбагъы и нагъуэ пІащэжэр топлъыІэзэри:

- Щхьэж и зекІуапІэ и кІуэдыжьыІэщ...

ХХХХ

КъАЗИЙ и псынэкъуэм къыщыщІэдзауэ Борэхьэблэ нэс шум и махуэ ныкъуэ гъуэгуанэ дэлъщ. Мышыт нэмыщІ зыгуэрым игъэунэхуауэ пІэрэ хьэм и гъэгуу абы къитІасэр?

БжьыхьэкуфІщ. Мазэ зэблэкІыгъуэщи, мазхэсэр пшагъуэлъэ псыІэщ. ИкІуэтыжа жэпуэгъуэм и жэщ уэсыпэхуэпльэхэр ашащи, щэкІуэгъуэ пІалъэм зыхуагъэщхъ. Мазэ изыр мамыру щхьэщытщ Борэхьэблэ. Бгэнышхьэхэм дзыкъ щантхъуэтэжу ятрищІэ Іуплъ пщІыпщІым нур фагъуэр щхьадилъэфэхыуэрэ мазэ нэкІэпсым зытрелъащІэ Гурытхэ я лъапсэу зэгуэр щытам.

Мышыт и кІэ псыфыр еупІэхауэ шындэбзийМкІэ къокІуэкІыжри, жэп Іумылыр куэд щІауэ лъэкІэ здытрамых пхъэ бжэщыхьэкъыжь дзажэм джабэкІэ зыщІехьэу. ЩакІуэхьэм и фэпщэхэу тІуалэм хуэдабзэу, джафэщ и пщэгурыгъэ уькуеири. Хьэ ныбаджэ уэдыкъуам, бжэщхьэІу дэкІуеипІэр пщІыуэу къепэмыхь, тэмакъыщІэ щэхукІэ щІэгурымэрэр. ПхъэбгъэуцІыІэ джафэм пэ псыфыр кІэщІеІури, щыщхьэ диям лъэбжьанэкІэ тетІаХьэуэрэр, кІэбдзитІыр щІэхуу щІым зрещэтхэкъ.

Хьэджафэм и нэкуГъуэ хьэзабыр щэкуГъуэ жэщ кІасэм из зэпэхьерейуэ щыунаэз Гъэжьжыгъэм шэжэгъэкІэу ходиери, гущІэлъэфу, псэ кІапцІэри хьэ кущІри кьызэщІгъублэраклъэу, кьуГъ ирешажьэ. Зызыкьунтхьыж хьэкъуГъам, Борэхьэблэ зыщхьэщиІэтэурэ унэхьэ щхьэуэкъуахэр щІегъэщтэжри, Бахъсэныжь и хъухуСыкІу Іумылым тхьэджэуэрэ хоундэрашцъхуэ.

ХьэкІэуэцІыкІыщІэр къызыэнтІыкІ а уз гуэзвэгъуэм мазэ зэпэхъуерйр доланджэ, пшагъуэгуэрэнмэ зыщІыеуфэри, жэщ ІеІэжьм щІомбыерыуэж... Мышыт и кІуГъэр зэрыщхьэщхьэсыжьри, гърымыр фІыншащхьэм щІэтхъунщІэуэрэ нэху къытощхьэ.

Уэнжакъ Іугъуэ закъуэтІакъуэхэм Борэхьэблэ уэгум кІапсэу зыщІаІуантІэм хьэджафэ къарэр гъуэгу тоувэж. Зыри кІэлъыджэркъым пщІантІэм джЕ щакІуэхьэ гунэщІым. Зыри къыщІэпэлъэркъым хьэм икІу а гъуэгуанэ кІэуэхьнщэм.

Бжьыхьэ жэщым выГу зэщІэщІа ищатэ щхьэкІэ, бжьыхьэ махуэр пэщи щани ирикъуркъым. НетІэ хуэдэщ дыгъэр къыщыщІэкІар. Иджьыпстущи, щэджагъуэ уафэр и щхьэдэхьпІэу а гуГэндыгъэнэр укІытэхщ. ЩэкІуэгъуэ кІагъэпшагъэр зи щауэкъуэт уэгу хъуапсэнэм нэху зэрыщІэр къыщІэкІ-къыщІэпІъ имыІэу, щІым щыпсэуэхэм защедэкІ. Къущхьэхъур иджы напщІуэфэ жьыуэгъуэджщ. МэзыпІъэ дэгухэм я данлъэч уэрщ бжьыхьэ уэлбанэ кІыкІыжам зэщІалъэсэж. Зипхъэжьжащ екІэпщІэ фІыщІам'.

Щиху пІъыжьхэр[2] иджы пщІащэмщэ джафэщІ, укІытэх умэзэхауэ щымщ. ЩхьэнтІафэу къущхьэхъущІым иджыри къэс игъэтІыгъуэр - Лахърэнышхуэз зизыубгъуэ къуэрэдзэрэ мэзыпІъэхэрщ.

Дахащэщ а Лахърэн мэз бгъущыІыр!

Къазий и псынэ бжьэпэм Іутурэ шууищ макІуэ. Уафэбгыкъу Ищхъэрэ и мэз пІащэм и епІъэкІэр пэт, пщы уэлийм шхуэІур зэуэ кьыжьадекъуэрэ, хуэм зещІ. Шы къыпІарэ, и тхьэкІумэхэр игъэкІэрахъуэрэ, шхуэІум йоуэ. ХьэтІохъущокъуэм пщІэгъэпльэр къыщыжьэдикъуапэм, уэркъ шугуъсэмрэ лъхукъуэгІ бейгуэлымрэ зэтоувЫэри, пщыр здэплъэмкІэ шыщхьэхэр яІуантІэ.

- КъысфІэщІагъэнщ... армыхъумэ зэщхьакІкІу! - и щхьэ хужеІэри, ХьэтІохъущокъуэм шым йолъэдэжьэуэж, арщхьэкІэ, куэд иримыгъэкІуу пщІэгъэупльэм и шхуэмылакІэр ешэщІри, Сэбанш бейгуэлми пэмыплъэу шым зрегъэщэтэх. Бейгуэлыр пІащІэу йопсых, пщым шхуэмылакІэр къыІэщекІри, шытІыр и Іэдэжу йокІуэтыжк.

БжьыхьэлІыр иш ІумпІэу пщы уэлийм зыкІэлърича щхьэкІэ, ХьэтІохъущокъуэр, куэд имыкІуу, бжьэпэ нэхьм щыІэтоувЫэ.

... Мазищ иримыкъуш дэкІар къэбзэрдей пщы уэлийм и мэзхъуэмэ лІыжьым - Къаплъэн-Джэрий дэж намышэсам - мыбдеж и псэ и унафэ зэрыщІэзытрищІэжрэ. ХьэтІохъущокъуэпщІыр иджы щхьэщоплъэ псынэ щэрашэр здэщыпІащІэ къуэдыдж зэвым. Мыгъэрейм ещхь щэкІуэгъуэ ІуплъэкІэм зэгуэр и дуней хъыринэт Мэчыхъу! КурГуокъуэ Гурытыр зэрищІыхум хуэдэу ар зыщІыхуэ Бахъсэн псыхъуэ дсагъэнтэжкъым. Къэзбэрдей пщы уэлийм рэлъкуІуэлІ мэзхъумэ лІыжьым рэку гукъанэ егъу дыхьауэ къыщыфІэщІахэм сыт хащІыкІрэт а тІум я зэхуаку илъэ лІы дэхьхьм?! Хьэлъэу мэщатэ ХьэтІохъущокъуэпщІыр...

Псынэнс кІуэрыр зыІурызыльэфэ къуэкІий жьэльэтІанэм Іурыплъхьрэ пэт пщым и нэгу щІэкІыж теплъэгъуэ пытхъахуэхэм Іуплъу иджы къахоужьгъэ Мышыт и банэ макъыр. ХьэтІохъущокъуэпщІыр и напщІэр хэлъэту къыщэплъэкІмэ, БжьыхьэлІыжмрэ Сэбанщэрэ я гупэ зыкъригъэщІатэри, кІэбдзтес-лъапэщІэдэу къэтІысауэ щакІуэхьэ къарэр пщы уэлийм къыжьэхоплъэри щысщ!

«СыкъэуымыщІыхужауи!?.» - жьыхуиІэу, Мышыт и тэмакъыщІэ гущІэтхъымкІэ зыгуэр къитхьэуэсыхьину йоІлаІэ....

- УкъэкІуа, Мышыт? КъысфІэщІатэкъымтІэ... КъэкІуатэ, тІасэ! Мышыт...

Кургуокъуэ апхуэдизкІэ нэІуныгу хьэм щыгуфІыкынри, хьэ къыщынэмыщІа, а гуфІэгъуэ зэщІар зигу еІэн гуэр мы дунейм псэкІэ щыбдауэу къыщІэкІынтэкъым. Гурытым и щакІуэхьэ Іущым нэмыщІ зэгуэр итауэ пІэрэт къущхьэхъущІым къэбзэрей пщы уэлийр апхуэдизу зэубзэн псэущхьэ?!

Мышыт а зэрыстхъэсыхэрэр тэджри, ХьэтІохъущокъуэпщІыр зыІут бжьэпэ нэзым хуиунэтІащ. Пщым зыпигъээщІыр хьэр щыхупІэ Іупщ!акІэм гъэувэщ, и щхьэ задэр лъагэу иІэтри, уафэм худэкъуГъейуэрэ мывэ гъэщэтыпІэр лъэбжьанэкІэ зэпипІэстхъыхьащ. И лъапитІыр а мывэ джафэм щІигъэІэфтурэ и щхьэр лъахъэшу щхьэщІишиеу пснынэсыр щышкІыр къуэкІий зэвым екъуГъэхьжа нэужь хьэм зиутхъыщІщ, и кІэ елэлэхар зыщІиупщІэжри, пщы уэлийм и нэм щІопІъэу бГъэдэкІуэтэжащ.

БжьыхьэлІым Іэрпхъэуэру итІатэрт уанэ къуапэм фІэлъ гъуэмылэ къэлътмакъым. Сэбанш пелуаньшхуэм и нэхэр щэтегъауэ ищІри пэт хуэмыубыда псылагъэр цей Іэщхьэм щитІэгъуэщІырт. Мышыт и пэ псыфыр ХьэтІохъущокъуэм и джэдыгу і куащІэм щІеІу, дыгъужьыфэмэ жьыжьэм къыхэкІуэтыжурэ пщы уэлийм и лъэкІапІэ нэгэгъуэм жьыру щыкъуэза лъей лъахъстэнкІэ пэнцІыжькІэ ирелъэщІехри, лъащхьэ-лъэдийм пэщхьэкІнкІэ зыщІихьэуэрэ и пщэ укъуэрр гуэнщэрыкъ лъэтхъэмпэм трегъащІэ.

Кургуокъуэ хъэмбыІуу тІысауэ щакІуэхьэм и пщэжьэгъуэм ІэпхъуамбитхуэкІэ хуцІэтІакъуэрэр зэпеплъыкъ къущхьэхъущІым зи нэ къыщІащІу зи лъэрызехьэгъуэ ита псэущхьэ ІущІыр.

ХьэтІохъущокъуэпщІым ицІыхуа Мышытыр хьэджафэ къарэр дахэшхуэт: езыр лъэ пошІэ щІэ лъэщрэ, щІилъымрэ щыщІэлъэтымрэ нэр темыпылъу. Гурытыр и щакІуэхьэм апхуэдизкІэ хуэсакъыРти, тобэ ирехъуи, къримыта къуэм и Іыхьэр а хъэм гъэнщІыгъуэ хэлъу бГъэдилъхьэтэкІэ!

И лъэтхъэмпэхэм иджьпсту джалъэу къытетІ ыцхэ гъур кІыкІыми, плъыжьу фэр къызыпхрыплъ пщэ укъуеижам, хъэджафэ иуэжахэм, шэмэджЕтІыгущхьэ нэхьей, жанрэ фэр зытеуКъуэдиежа блэгъу дакъэхэм и Іэгур иригъажэурэ пщы уэлийм игу щІуэзыжьыр:

- Мышыт... Дэнэ ущыкІуэдт, къуэш? Дауэрэ ущІэкІуэдыкІТ?

ЩакІуэхьэр пІэтІаеэртэкъым: гуауэу иІэр хьэмбыІуу къыщхьэщыс а лІым, адрей имиІэж пситІым ящІыгъуу и хьэ ГъащІэм щигъэфІа лІым а и лъей лъэтхъэмпэм хутрилъхьажу Іуплъхьпа нэхьей, умэзэхэт.

ХьэтІохъущокъуэпщІым хьэджафэм и пщэгурыгъыщІэ зыуфэкъа пщэхъу ГъурыР Іэ сэмэгумкІэ ишэщІурэ, бгыырпхъм кІэрыщІа къамэр Іэ ижькІэ джэдыгу щІагъым къыщІихри, фэпщэхъу лэрыгъым хибзэу зэпигъэщхьащ. Пщафэ кІуэйм чыгъэ трищІа вэгъу Гъущэм пщыр епІпэр:

- Сэбанш, кІащтэт дагъэр...

Бейгуэлым ПащІэу кІигъэса къэзмакъ дагъэкІэ Мышыт и пщэлтъ зыкуГъуэкІэу еІапІэуэ зэпилъаІэри:

- ФІыуэ къэуцІына нэужь, тхъуэбзащхъуэ ТІэкІу хутеудж...

Хьэр къепсщ, хуэш тхьтхыр и блэгъуКІащхьэм ирижэуэ зиукъудийри, ущхьэ уВурэ пщы уэлийм и джэдыгу бГъафэм лъапитІкІэ зриупсеящ....

ХьэтІохъущокъуэпщІым лІы и Іыхьэ и нэгу щІэкІри, лІым и узрэ хейм и нэпси иГэвыжат, ауэ иджьпсту мы къыхуэзпІъейуэрэ хьэнэщІакІэр зэхилъасэу джэдыгбГъэ щІылъм ежьбзэж мы хьэнэпс лъагъуэхэм пщы уэлийрэ пэт хуэІэмалыншэт!

Мышыт и щхьэм Іэ дилъэурэ Кургуокъуэ иджы Бжьыхьэлім хуопсэльэкІ:

- Ярэби, Мусэ, Гурытыр Борэхьэблэ этІэхыжу и фызыжьым зэрыбГъурыдмылъхьэжамкІэ мы зи бзэ мыпсалъэм и гуэныхь къэдмыхьауэ пІэрэт? КъащхьитІ зэхуакум къулейсызыгъэ хвех.

- Зиусхьэн, ущыГуязэщ... жэмыхьэтым Къэзанокъуэр дзакъылэГъуэ Мэчыхъу и кхъаПІэр къызэрыхахам: «Гурытым хуэдэлІкъым хадапхэм иралъхьжыр. И мэзылъэ кІэуэхыншэхэр и кхъащхьащ» - жаІэри...

Мэз лъапэмкІэ пльэурэ ХьэтІохъущокъуэр здэшэсыжым:

- Захуэщ жэмыхьэтыр. Фынежьэт, Сэбанш!..

БжьыхьэлІым хуидза мэжаджэ Іыхьэр Мышыт зэрыригъэмэрэкІуэхьм и нэхэр тепльъэзэурэ Кургуокъуэ зеІэжьэжри, щатэурэ пщІэгъэупльэм йольэдэкъауэ.

Хьэм и ныбэ гукъуэу Іуэтэжьгъуэм ныкъпэпльа нэхьей, пшэ зэщІэжабзэхэм дыгъэ тхъуэпІъ хъуреишхуэр уафэ техьэпщІэу къызыщІадзыж. Уафэбгыкъущхьэ (Къэнжал) Іуэ дыкъэрэнхэмкІэ егуапэу гуфІэгъэр зэрехьэ иджы а дыгъэм. Мызыгъэгум куэдыщ зи нэгу щІэкІа а нэкуГъэ Іъэщым зимыгъэщІурэ якІэльхьуапсэ Тамбиипс икІыжауэ Инальбг лъапэ деКІуэКІ шууищым... ПщІэгъэупльэр зи Іъэрыгъым кІуэру и ужьыр иІыгъщ зи щхьэр лъагэу гъэкІа хьэджафэ къарэм.

Бахъсэн псыхъуэ щызэхэкІуэса а ныбжь кІэухьишэхэр и нэкуГъэм щІигъэтІыгъуэжурэ пщэдджьыжьи уэгум къыхьэнущ а дыгъэр.

КІЭУХ

ЩЭХУ къуэдыщэ якІуэцІыльщ мывзхэм. ЛІэщІыгъуэ щхьэлыдзэкъм щаужьгъыжми, пшахъуэ сабэ хъуахуэу зыщІасеижми абыхэм здахьыр цІыху гупсысэр зэи зэмынтІэІуа щэхуц. Мывзхэм щыму зэрахьэр лъэпкъ ІуэрыІуатэм макъыбэу щызэщІожьыуэ. Къэрымыирэ Къэзбэрдеймрэ Уафэбгыкъу - Къан-жол (Къэнжал) деж зыщІыхопІа лъэгъажэр адыгэ тхыдэм и гъэпсыкІэ ІапІэт. «Къэнжал зауэ» фІэщыгъэр иІэу 1708 гъэм дунейпсо тхыдэм хьыха фокІадэ жэщ-махуэмрэ нобэр кІыздэсэм а зауэ гуащІэм иращІэкІыж псалъэмакъымрэ адыгэкІэ зэджэ лъэпкъыр щыІэху дэгъуэгурыкІуэнущ. Тхыдэщ абы зэреджэр. Тхыдэм мащІэркъым зэхэгъэж, имыщІэхэр къыщратхъыкІыжщ.

Сызэдэщытхэ пхъэбгъуэм тельщ Уафэбгыкъу - Къан-жол къисха мывэ хъурейр. Мы тхьгъэ хьэлэмэтым сызэрелэжьа зэманым къриубыдэу а мывэ кІанэр сыт щыгъуи ильащ си пащхьэ: зэм сигъэгушхуэу гупсысэр къриГъэблырт, зэми зиущэжьыкІри, дэгуу щымт.

Тхыдэ уэрым и псынащІэр куууэ къыщІэзгъаІэрэ сызэлэжьа мы тхыльым цІыху фІэщыгъэ къэгупсыса хэтми, Іэхуэгуэ фэрыщІ нэпцІ хэлъхьэм. Нэхъыжьхэм зэІэпахыуэр къытпГъаГъээса Іуэрыіуатэм Іуплъу къыхэсхащ сІуэтэжа теплъэгъуэр. Іуэрыіуатэр зэи бзэщъхуркъым, щыхсыкІрабГъурэ псалъэ тегъалъэрэ ящІэркъым. Жьэнахэущ. ПхъашэщІ. ЩхьэмыгъаззщІ.

Романым хэта цІыхуэхэм я щхьэ къиркІуам щыгъуазэ фыщцыхуэзсщІыну пІалъэр мис, къэсапІащ. Къэнжал зауэм хэтахэм я гъащІэ гъэугуэхэр къыззэрымыгуэкІт. Тхыдэ теуэгъуэхэм зэи тегъуащэркъым апхуэдэ цІыхуэхэр. Ахэр дапщэщи мэпсэу, щымыпсэужми... къытрагъаззэуэрэ къалъхуэр.

Кърым хъаныи Къэбэрдейм къриша дэя фІыщІэр зэтрахьэтэн ныхуэзфІэкІа ХьэтІохъущокъуэ Кургуокъуэ - Къэбэрдейм и пщы уэлийм - зауэр ихуэу ильэсит! дакІыжа нэужь, езым и фІэфІыныгъэкІэ пщы уэлийгъэр зыщхьэщихри, нэхъ щІалэІуэм къалэн щищІат. ХьэтІохъущокъуэ Кургуокъуэ и цІэр къэбэрдей адыгэ тхыдэм, адыгэу дунейм тетым я тхыдэм хьыхащ екІуу, хуэфащэж пщІэрэ щхьэрэ иІэу. Кургуокъуэрэ и къуэпсыр Нэрынэрэ адыгэ хабзэр щыпкІуу бынуэ хьэлэмэт яуХуащ. Зещхьэгъуэсэм я къуэ пажэ - Мыхьэмэт-Бакъэт Урысейм дэя къуныкъу хуищІэу Кавказ Ищхъэрэм и щІэ щыІуащ. Къэрымыр зигу пымыкІыу ныкъуакъуэ «къащхьэтау» къущхьэхэм я нэр имыгъапІлъэу апэщІэтащ а ЛІыр.

Кургуокъуэ ипхъу Жан къалмыкъ хъан Дондо-Омбо щхьэгъуэсэ хуэхъущ. Нэтшэхь (ХьэтІохъущокъуэ Кургуокъуэ и къуэ етІуанэм) лІэужь къигъэнакъым.

Къэбэрдей адыгэхэм иджьпсту джалъэу ильэс хьыІрэ тхурэ къыгъэщІауэ дунейм ехьжащ. Хабзэ зэрихьэу, цІыхум щапхъэ трахыу, жьлэхэм я чэнджэщкІуэу псэуащ а лІы жьэнахэур. 1750 гъэм Къэзанокъуэй жьлэм щыщІалъхьэжащ. Къэзанокъуэ Жэбагъы адыгэхэм хуагъэуващ мывэм къыхэщІыкІа фэеплъ.

Къэбэрдей адыгэхэм иджьпсту къадоклуэкІ уэркъылІхэу: Ашабэм, ЦІыпІынэм, Быжьым, Шурдымым я цІэхэр; лъхукъуэлІхэу - Къашыргъэ, Дэмдей, Къундет сымэ ятеууха мужьбарэр.

ЩІыпІэцІэхэм зэрахьэ фэеплъхэри Іэджжэ мэхъу: «Ашабэм и къуэ», «Ашабэм и дэкІыпІэ-ехьпІэ», «Гу щыізмыкІуэ тІуащІэ», «Мэмыхуэ и Іуащхьэпльапі», «Къазий и псынэкъуэ», «Іэлигъуэт и щыхупІэ».

Абыхэм къащхьэщытыж Уафэбгыкъу 1708 гъэм щыІа кърым-къэбэрдей зауэм щегъэжьауэ «Къэнжал» фІэщыгъэр зэрехьэ: тэтэр ираукІыхьахэм я бзэкІэ: «лъыр зэрыжа лъагъуэ, лъыгГъуэгу» къикІыу (къан-жол). Къэбэрдей адыгэхэм я къэпсэлъыкІэу - «Къэнжал».

Ашабэ Миншакъ а зауэм ильэс щэщІкІэ кІэлъыпсэужащ. И ныбжьыр ильэс пщІей ирикъуным мазищ хуэчэму дунейм ехьжащ Ашабэр. Мэмыхуэ Миншакъ щІымыгъужу ильэсэрэ ныкъуэкІэ къэпсэуащ.

Мэремрэ Налмэсрэ къуищрэ пхъуитІрэ зэдапІащ. ЖьыщІэкъ махуэ хъуаУэ а тІур дунейм щекьжьми зэхуакъушхуэ я Іакъым.

Даур-КІэмыргуей и анэшхэр дапхэдизрэ я къемылъэІуами, игъэзэжакъым КІэмыргуей лъахэм: Къэзбэрдейм унагъуэ щиухуащ. Зэгуэр Быжьым кьыфІищІа щІэр унэщІэ хуэхъужаеу Даур дунейм ехьжащ ильэс хьщІ и ныбжьу. Абрэдж Мэрзэбэч и къуэ закъуэм къыщІэнахэр псори пхъущ, къуэ ятритатэкъым... Апхуэдэу Даур и къуэпсыр Къэзбэрдейм щыгъащ.

КІэмыргуейщ Бэлэтокъуэ Болэт Къэнжал зауэм и ужькІэ куэдрэ псэуакъым. Ильэс хьщІым хьхьэрэ пэт пщыр дунейм ехьжащ, и щыпхъу нэхъыжь Къудас гуащэшхуэм къызэрыкІрыхуа щымыІэу.

Къэбард гъащІэ кІыхь къигъэщІащ.

Мамсыр Нэкъар и щхьэгъусэ Сурэт пльыржьэр узым илыкІащ уэндэгъуу. Жеиет щІалэр абы ижькІэ жылагъуэ гъащІэм хэзгъэжакъым. Гуауэр къытехьэлъэІуэри, абрэджу ежьэжащ. «Къэнжал жэщыр» щисыжьым зызыгъэпщкІуну зи насып кьикІа гуэрхэм мэзылъэ гъуэгукІэ Мамсыбгр щаІуущІэм - зэрыуІэкІащхэщ. Нэкъар и щхьэм щы иГуэтатэжьым.

Іэта-Ильясрэ Бэубэчрэ я лъэпкъэгъуэхэм деж ягъэзэжакъым. ЗэкъуэшитІыр ДжылахьэстэнейкІэ Іэпхъэщри, а щІыпІэм лъэпкъ щыхуэжащ , «нэгъуей» унэщІэр зэрахьэу.

Бахъсэн псыхъуэм щыпсэухэм я дуней хьэхур гуэныхьым щызыхъума Къэсей хьэжьым а дуней дыдэм ильэс блыщІрэ щырэ къыщигъэщІат щхьэзакъуэу. Къэсей зэрыкъуэпсэуам: мэрем пшыхьым и жьауэ, Іиманрэ динрэ Іэщ!эпъ Алыхьым и пащхьэ нэхум ихьэжащ. Къэсейхьэблэ и къъэлащхэжьым ильщ ХьэтІохъущокъуэпщІым и дэщІэгъу а хьэжьр.

ЗауэлІ минилпІ зи бжьыгъэ тыркудзэр щыІгъуу Ахьмэд султІаным Къэзбэрдейм къиутІыпща Муртаз пэщэр а къыхуэна зауэлІ щэщІрэ хьымрэ щыІгъуу, Кєрчь псыдзжьым нэс кІуат. Тырку дзэпщІр иужькІэ Истамбыл лъэхъуащм илІыхьжащ.

ЩІалІ-зэн-Джэрий зы зэманкІэ псыжь нэгъуейхэм деж гъэпщкІуПІэ щигъэтат. Ахьмэд султІаным и унафэкІэ хъаныр яубыдыжри, Истамбыл ирашащ. Родос лъэхъущым ильэситхуКІэ щаІыгъа нэужь, 1719 гъэм тырку султІаным Къаплъэн-Джэрий и хъанагъуэр къритыж хуэдэу зищІри, Кърымыр еэым и Тыркум кІэщІиупщІэпащ. Къаплъэн-Джэрийрэ Алсу хъангуащэмрэ Бурсэ щыпсэуну унафэ ищІат султІаным. Зэмгян дэжьауэ Ахьмэд султІаным Къаплъэн-Джэрий тахъгъэр хуит хуищІыжри, Къэжэрым езыр зэуакІуэ иутІыпщат. АпщІондэку Кърымым зэпэщІэтыныгъэхэр къыщыхъури, хъанагъуэр зезымыхьэфар Бахъсынсэрей ираджжэжащ, абдежи щытрахьыжпащ хъан тахъгэр.

Эгей тенджжыым и Іуфэ Іус Чимшэ къэлэм Къаплъэн-Джэрийрэ Алсурэ, зэхуакъушхуэ ямыІэу, (1738 гъэм) дунейм щехьжащ.

Кърымым и хъан залымыр тхыдэм хьхьащ Іущ Іэзаджэу, хьалъэІуэ, лІыгъэ зыбГъэдэлъ зауэлІ ябгэу.

Къэнжал зауэм Карл XII Мазепэрэ я Іуэхуэкъ къыззІигъэхьат. Тырку кърымыдзэм и щІыхьэхур зыльэмыІэса Швециер Полтавэ дэж щІэзэтрикъутащ уцыс пащтыхь Пётр.

Карл пащтыхьымрэ Мазепэрэ (гетманыр) зыкъомрэ Ахьмэд султІаным деж щыпсэуащ. Нэхъ иужьыІуэкІэ Карл XII а зэрыпащтыхьу Швецием игъэзэжри, псэуащ 1718 гъэ пщІондэ. Мазепэр 1709 гъэм Бендеры къалэм щыщІалъхьэжащ.

Ахьмэд III султІаным и къэрал Іуэху зэхьэкІэр зыхуэмышъыж уэсэмэхэрэ янычархэмрэ зэуакІэ зыкъаІэтри, я «дигъэр зи теплъэр» традзыпащ. Ахьмэд дунейм ехьжащ 1730 гъэм. Дуеишхуэр и Іэпэм дэджэрэз и гугъэу псэуа а Іыр и Іыхьлы дыдэхэри къимыщІыхужу ажал уз игъэуТри, ильэс 58-м иту (1730 гъэм и бжьыхьэм) щІым ирахьхьыжащ.

СултІани хъани зыпэмыльэща адыгэ дунейр иджыри къэмыуІыІэу мэхъэрэхущ. КъэзыгъэщІым къищынэмыщІа, зыми ищІэркъым абы къыпэлльэр...Зыми емыщхь си адыгэ Іыпэкъ дахэмрэ абы и цІыхугъэ хабзэмрэ тхуихъумэну дапщэщи солъэу ди щхьэщыгу Къытым.

[[1]ЕкІэпщІэ фІыщІэ - къущхьэхъу къыщыкІ екІэпщІэ іэтыжьыгъуэщ (черная ольха)

[2]Щиху пІъыжь - къущхьэхъу къыщыкІ щиху пІэужьыгъуэщ (красный тополь)]

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Хэкум къэзыгъэзэжахэм траухуэ

Адыгэ Республикэм и Сурэт галереем выставкэхэр щрагъэкІуэкІ и залым къыщызэІуахащ «Кавказская диаспора» гъэлъэгъуэныгъэр, Репатриантым и махуэм ирихьэлІэу. Ар щыщхьэуІум и 9 пщІондэ екІуэкІынущ.

ВЫСТАВКЭР къыззрагъэпэщащ зи тхыдэ хэкум къэзыгъэзэжа ди цІыхухэм я дэлэпкъыгъуэ. Репатриантым и махуэр 1998 гъэм щыщхьэуІум и 1-м ягъэуващ, Косовэ щыпсэу адыгэхэм, Югославием щекІуэкІ зауэм я щхьэ кІыхьахыу, я адзэжь хэкум къызэрагъэзэжам и щІыхькІэ.

Гъэлъэгъуэныгъэм къызэщІеубыдэ лэжьыгъэ 50-м нэблагъэ, живописым кІыщынэмыщІауэ, графикэ, скульптурэ, декоративно-прикладной гуэзджэм щыщІ, Адыгэ Республикэм и сурэт галереем и фондым щахъумэжэм щІыналъэм и художникхэм я сурэтхэм къадэкІуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым, Краснодар крайм, Ставрополь, Владикавказ къалэхэм, Тыркум щыщІ сурэтыщІ Іэзэхэм я Іэдакъэ щыщІэкІахэр щыгъуэу. Апхуэдэхэу УФ-м щыщхь зиІэ и сурэтыщІхэу Хетагуров Казбек («Кукуруза и подсолнухи», «Натюрморт с рыбой»), ПэтІащІэ Феликс («Возвращение с полей», «Священное дерево адыгов», «Встреча»), Теувэж Къат («Мать», «Саженцы. Мой аул», «Мудрый дед»), Манакьян Александр («Сирень», «Каменное море», «Река Киша»), УФ-м щІыхь зиІэ и художник Бырсыр Абдулыхь («Абрек», «Песня о героях», «Рождение нарта»), Овчаренкэ Эдуард («Терраса»), Пужелов Александр («Этюд - Мурат»), Тырким щыщ сурэтыщІ Саяджы Неджлэ («Моя радость»), нэгъуэщІ лэжьыгъэ купщІафІэхэри.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Футбол

Темыркъан «Торпедо»-м хагъэхьэ

«Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхъумэ щІалэщІэ Сындыкъ Темыркъан Мэзкуу и «Торпедо» командэ цІэрыІуэм хьыхащ. ЗэращІыліа зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, ар абы хэтынущ дызыхуэкІуэ ильэсищым.

КОРОНАВИРУС уз зэрыщІалэм зыщащхьумэн папщІэ ягъэува къыпэубыдыныгъэхэр зэрыІуахыжу, мэкъуауэгъуэм и кІуэхэм, Сындыкъ Темыркъан Мэзкуу ирагъэблагъат, и зэфІэкІкІэ здынэсыр «Торпедо»-м и унафэщІхэм я нэкІэ зрагъэлъэгъун папщІэ. Ильэс епщыкІубгъуанэм ит адыгэ щІалэщІэр ягу ирихьащ командэм и тренер нэхъыщхьэ Игнашевич Сергеи (ар езыри гуащхьэхъумэу щытащ икІи Іуэхум фІыуэ хещІыкІ) гупым и адрей гъэсакІуэхэмри. Арати, 2023 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэ пщІондэ яхэтыну зэгурыІуэныгъэ хъращІыкІащ.

Сындыкъ Темыркъан Налшык къыщалъхьащ 2001 гъэм фокІадэм и 17-м. Топ джэгун зыщигъэсари аращ. ИужькІэ Мэзкуу и «Локомотив»-м и щІалэгъуалэ командэм хэтауэ Налшык къигъэзэжащ. Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Апщэ» гуп